

PlusOne

Rodza Pfungwa ChiShona



Gwaro
reChina

4

PlusOne

Rodza Pfungwa ChiShona

Bhuku romudzidzisi

Gwaro
reChina

4



 **SECONDARY
BOOK PRESS**

Anchors of the schools curricula

Published by:

Secondary Book Press Private Limited
4th Floor, CABS Centre Building,
Cnr Jason Moyo & 2nd Street,
Harare, Zimbabwe
Tel: +263 242 771 406 | +263 242 753 201
Mobile: +263 712 560 870 | +263 788 954 870
Email: sales@secondarybookpress.co.zw
Website: www.secondarybookpress.co.zw

Plus**One Rodza Pfungwa ChiShona | Gwaro reChina – Bhuku romudzidzisi**

ISBN: 978-1-77932-144-2

First Published in 2025

Copyright: Secondary Book Press

Editor-in-Chief: Munyaradzi Gunduza

Development Editor: Reggies Chapwanya

Design and text layout: Floecene B. Chimba

Every effort has been made to trace the copyright holders. In the event of unintentional omissions or errors, any information that would enable the publisher to make the proper arrangements will be appreciated.

All rights reserved. No part of this publication may be reproduced, stored in a retrieval system, or transmitted in any form or by any means, electronic, mechanical, photocopying, recording or otherwise, without prior permission of the copyright owner.

Zviri mukati

Mavambo	i
Chikamu 1: Mabasa emhuri	1
Chikamu 2: Kodzero dzevanhu	5
Chikamu 3: Mabasa evanhu munyika	9
Chikamu 4: Mabasa evana munyika	13
Chikamu 5: Kuchengetedza vana.	17
Chikamu 6: Chirere mangwana chigokurerawo	22
Chikamu 7: Chirwere chemukondombera	26
Chikamu 8: Chemai	30
Chikamu 9: Mitambo yepasichigare	34
Chikamu 10: Bvunzo yekutanga.....	38
Chikamu 11: Mureza weZimbabwe	40
Chikamu 12: Hupenyu pasichigare	44
Chikamu 13: Hondo yeChimurenga.	48
Chikamu 14: Masvingo eZimbabwe.....	53
Chikamu 15: Humwe yokusakura kwaVaChivorese.....	58
Chikamu 16: Mushandirapamwe.	62
Chikamu 17: Mafashamu emvura.....	66
Chikamu 18: Chenjerai mheni.	70
Chikamu 19: Nhongai marara.....	74
Chikamu 20: Bvunzo yechipiri	79
Chikamu 21: Musasvibisa mvura	81
Chikamu 22: Mhepo neruzha	85
Chikamu 23: Regai kupisa bundo	89
Chikamu 24: Rerekera nzeve dzako kuno	93
Chikamu 25: Dzidzo inhaka yeupenyu.....	97
Chikamu 26: Muvhu mune mari	101
Chikamu 27: Apunyaira haashaye misodzi	105
Chikamu 28: Bvunzo yechitatu.....	109

Bhuku rino remudzidzisi PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona Gwaro reChina ndiro bhuku reChina mukutevedzera hwaro hwokudzidzisa ChiShona. Parugwaro urwu, bhuku rino rinoumbiridza zvakakosha zvakadzidzwa nevadzidzi murugwaro rweChishanu kurudziro iri papfungwa huru ina dzemumbiro dzinoti **Kuverenga, Kutaura, Kuteerera neKunyora.**

1 Kuteerera

Njere dzinowedzera padanho rimwe nerimwe nekudaro pagwaro reChina bhuku rePlusOne Rodza Pfungwa ChiShona rine zvakawedzerwa kubudikidza nenyaya dzinobata tsika nemagariro zvinonekwa nevadzidzi munharaunda mavo. Padanho rino vadzidzi vanowedzera kuteerera kwavo kana mudzidzisi akataura zvagara zvichionekwa munharaunda.

2 Kutaura

Kana vadzidzi vachinge vogona kuteerera, kutaura hakuchavanetse sezvo nharaunda chiri chombo chikuru kuvadzidzi. Mudzidzisi uchaona kuti mienzaniso mizhinji ichapihwa nevana mukutaura inenge ichibva munharaunda mavanogara. Mubhuku rino, mudzidzisi achaona hurukuro dzichaitwa nevana pachikamu choga choga. Hurukuro idzi dzinobata misoro yakasiyana-siyana. Izvi zvichabatsira kuti unyanzvi hwavo hwekutaura husimbe.

3 Kuverenga

Bhuku rino rine mazwi matsva uyezve tsananguro yemazwi aya. Mudzidzisi anokurudzirwa kuverengesa vana mazwi aya. Izvi zvichabatsira kuti vasazonetseka pakuverenga ndima yenzwisiso sezvo mazwi matsva aya anenge arimo mundima yekuverenga yenzwisiso. Mudzidzisi ipa mwana wega wega mukana wekuverenga vamwe vana vakateerera. Izvi zvinobatsira kubvisa kakutya muvadzidzi zvichiunza makwikwi okuverenga mukati mevadzidzi.

4 Kunyora

Mwana anogona kushandisa kunyora senzira yekutaura nayo. Parugwaro rweChina vana vava kugona kudzidzira kushandisa mutauro zvakazara. Zvinyorwa zviru mubhuku revana zvinopa vana mukana wekunyora vachizadzisa. Vana vanopihwa mukana wekunyora mazwi nezvaanoreva. Bhuku rino richapa vadzidzidzisi mukana wekupa vadzidzi kuti:

- vanyore vachipindura mibvunzo yenzwisiso,
- vanyore rondedzero vachibatandiza pfungwa dzakapihwa kunyora rondedzero ine hutesve,
- vanyore zvirevo vachizadzisa zvirungamutauro kana kuzadzisa mitsara yakapihwa nezvirangamutauro,
- kunyora vachisarudza mhinduro dzesarudzo.

Mashandisirwo ebhuku

Bhuku rino rinobatsira mudzidzisi mukushandisa PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona Gwaro reChina. Zvikamu zvebhuku rino zvakarongwa zvichitevedza marongerwo azvakaitwa mubhuku revana. Bhuku rino richange richibuditsa:

- musoro wechikamu choga choga.
- zvinangwa zvechidzidzo choga choga. Zvakakosha kuti murairidzi ashandise bhuku rino nebumbiro reChiShona kuti aone ukama huripo nehwaro redzidzo.
- zvombo zvamungashandise pachidzo choga choga. Zvakakosha kwauri murairidzi kuti ugadzire zvombo zvakawanda parugwaro urwu.
- zvamuchatarisirwa kuita nevana pachikamu choga choga.
- zvingaitwe nevana sebasa rekumba. Basa rekumba rakakosha sezvo richiita sezambuko pakati pekuchikoro nekumba. Mudzidzi anombowana mukana wekubvunza vamwe vasiri vadzidzisi sezvo dzidzo isina muganhu. Mubhuku rino mudzidzisi uchapihwa mukana wekupa basa rekumba nekuwedzera ruzivo pachikamu choga choga.
- mhinduro yemibvunzo iri mubhuku revana. Mudzidzisi unokurudzirwa kutwasanudza pfungwa dzako pamhinduro dzinopihwa nevadzidzi zvichienderana nenzvimbo.

Zvinangwa zvechikamu

Panoperera chikamu chino, vadzidzi vanotarisirwa kunge vokwanisa:

- a** kuteerera nekutaura.
- b** kuverenga ndima yenzwisiso.
- c** kupindura mibvunzo yenzwisiso mukunyora.
- d** kunyora zvirevo vachiisa chifemo pakakodzera.
- e** kuzadzisa tsumo.
- f** kuumba mazwi vachishandisa mavara akapiwa.
- g** kunyora rondedzero.
- h** kupindura mibvunzo inoenderana nemwedzi yegore.

Zvombo zvichashandiswa

- Zvitaitai zvine mazwi.
- Bhambiri rine zvirevo zvinoiswa chifemo.
- Rwiyo rwebasa panharembosha kana dzimudzangara.
- Bhambiri rine tsumo.
- Bhambiri rine mwedzi yegore.
- Makadhi ane basa remapoka.

Dura

PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona Bhuku romudzidzi Gwaro ReChina peji 1-7.
Bumbiro retsika nemagariro (Heritage Based Curriculum - HBC) 2024-2030.

A. Hurukuro

Vadzidzi ngavateerere kurwiyo rwuri munharembosha kana dzimudzangara runotaura zvekushanda mabasa. Ngavataurirane mabasa avanoita semhuri. Mumapoka avo vadzidzi ngavaite chimutambo chemabasa emhuri. Boka rinenge ranyatsoita zvinozadza mukombe ndiro rinenge rabudirira.

Zvinoreva mazwi ari mubhuku revadzidzi

Chisi	– musi usingatenderwi kubata basa remumunda.
Majana	– madzoro.
Bundo	– sora.
Kukovhora	– kurima mumunda nechikovhora uchibvisa bundo.
Pwititi	– kupwititika kwechiutsi kana guruva.

Hurukuro

Vadzidzi ngavataurirane mabasa avanoita semhuri semuenzaniso kudiridza mubindu, kurima, kuwacha, kusakura nemamwe.

Vana ngavazadzise zvirevo zviri mubhuku revadzidzi mumapoka avo.

Mazadzisirwo ezvirevo zviri mubhuku revadzidzi

- | | | | |
|---|---------|---|--------------------|
| 1 | usimbe | 5 | tyava |
| 2 | chisi | 6 | kuzvionera pachako |
| 3 | majana | 7 | bundo |
| 4 | pwititi | 8 | chikovhora |

B. Kuverenga nzwisiso

VaTarugarira

Vadzidzi ngavaverenge ndima iyi vachiita majana. Ngavapindure mibvunzo yavachabvunzwa nemudzidzisi wavo. Mumapoka avo vadzidzi ngavapindure mibvunzo iri pamakadhi. Mumwe nemumwe ngaapindure mibvunzo yenzwisiso iri mubhuku revadzidzi.

Mhinduro dzemibvunzo iri mubhuku revadzidzi

- | | | | |
|---|---|----|---|
| 1 | B | 6 | B |
| 2 | C | 7 | C |
| 3 | A | 8 | D |
| 4 | B | 9 | A |
| 5 | C | 10 | B |

C. Chifemo

Vadzidzi ngavakurukurirane panoshanda chifemo. Ngavazadzise zvirevo zviri pabhambiri nechifemo. Mumapoka avo ngavaumbe zvirevo zvine zvifemo. Mumwe nemumwe ngaanyore zvirevo zviri mubhuku revadzidzi achiisa chifemo pakakodzera.

Manyorerwo ezvirevo zviri mubhuku revadzidzi

- 1 Anofarira howa, mukaka, madora, mazai uye nyama.
- 2 Gore rino takarima zviyo, chibage, nzungu nenyimo.
- 3 Mai vanoumba hadyana, chirongo, gate neshambakodzi.
- 4 Mazino, muromo, nzeve, makumbo, maoko nemhino inhengo dzemuviri.
- 5 Nyika dzandinoziva dzinoti Zimbabwe, Botswana, Zambia, Malawi neMozambique.
- 6 Mhembwe, tsuro, shumba, nzou uye mbizi imhuka dzemusango.
- 7 VaTarugarira vanopfuya mombe, mbudzi, huku nemakwai.
- 8 Muzhizha tinodya ishwa, howa, harati, nhengeni nenzviru.
- 9 Anga achirairwa nababa, mai, vatete, mbuya nasekuru.
- 10 Anofarira chuti, nhodo, pada, hwishu uye nhabvu.

D. Tsumo

Vadzidzi ngavazadzise tsumo dziri pabhambiri. Mudzidzi ngaaise vana mumapoka maviri. Vadzidzi ngavape tsumo dzichizadziswa nerimwe boka mudzidzisi achipa zvibodzwa kuboka rinenge ragona kuzadzisa tsumo. Boka rinenge raita zvibodzwa zvakawanda ndiro rinenge ratora mukombe. Vadzidzi ngavazadzise tsumo dziri mubhuku revadzidzi vachinyora.

Mazadzisirwo etsumo dziri mubhuku revadzidzi

- 1 mwana ane ruzhumwi.
- 2 kaviri.
- 3 yakabva mukurerwa.
- 4 hufananyina.
- 5 rakakwira mawere kwasviba.
- 6 ndokusina mukubvu.
- 7 bere rakadya richifamba.
- 8 kuti vadiki vakutye.
- 9 nenyanga dzayo.
- 10 haridiyi chakafa choga.

E. Zviperego

Vadzidzi ngavaumbe mazwi vachishandisa mavara avachapiwa nemudzidzisi. Mumapoka vadzidzi ngavaumbe mazwi vachishandisa mavara ari pabhambiri. Boka rinenge raumba mazwi akawanda ndiro rinenge rabudirira.

Mavara ari mubhuku revadzidzi anogona kuumba mazwi aya:

huru	hurudza	zvino	zvidza	zvimwari
zvimhino	dzamwa	dzaMwari	ridza	semwa
rimwa	rise	rino	rumwa	runo
rufu	Mwari	mhiri	mhino	seri
mwana				

F. Rondedzero yetsananguro

Musha wedu

Vadzidzi ngavakurukure mavambo avangaisa murondedzero iyi. Mumwe nemumwe ngaataure mutumbi werondedzero iyi achibatsirwa nepfungwa dziri mubhuku revadzidzi. Mumapoka avo vadzidzi ngavanyore rondedzero iyi vozoverengerana. Mumwe nemumwe ngaanyore rondedzero iyi mubhuku rake.

G. Mwedzi yegore

Vadzidzi ngavataure mwedzi yegore neChiShona. Ngavapindure mibvunzo yavachabvunzwa nemudzidzisi. Mumapoka avo ngavataure zvavanoziva pamwedzi yegore. Mumwe nemumwe ngaapindure mibvunzo iri mubhuku revadzidzi.

Mhinduro dzemibvunzo iri mubhuku revadzidzi

- | | | | |
|---|----------|---|-------------------|
| 1 | Zvita | 6 | Nyamavhuvhu |
| 2 | Gunyana | 7 | Zvita |
| 3 | Kukadzi | 8 | Ndira |
| 4 | Chikumi | 9 | Bandwe / Chivabvu |
| 5 | Gumiguru | | |

Zvinangwa zvechikamu

Panoperera chikamu chino, vadzidzi vanotarisirwa kunge vokwanisa:

- a** kuteerera nekutaura.
- b** kuverenga ndima yenzwisiso.
- c** kupindura mibvunzo yenzwisiso vachinyora.
- d** kushandisa mavara makuru muzvirevo.
- e** kuzadzisa zvirevo nenyaudzosingwi.
- f** kunyora zviperengo.
- g** kunyora rondedzero.
- h** kuzadzisa zvirevo nemwaka yegore.
- i** kuita basa rekumba.

Zvombo zvichashandiswa:

- Makadhi ane mazwi.
- Bhambiri rine mavara makuru.
- Bhambiri rine nyaudzosingwi.
- Zvitai-tai zvine mazwi.
- Bhambiri rine mwaka yegore.
- Makadhi ane basa remapoka.

Dura

PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona Bhuku romudzidzi Gwaro ReChina peji 8-13.

Bumiro retsika nemagariro (Heritage Based Curriculum - HBC) 2024-2030.

A. Hurukuro

Vadzidzi ngavataurirane kuti kodzero chii. Ngavataure kodzero dzevana mumapoka avo.

Mazwi nezvaanoreva

Vadzidzi ngavataure zvinoreva mazwi.

Zvinoreva mazwi ari mubhuku revadzidzi

Kodzero	– zvinotarisirwa kuitirwa vanhu.
Mhando	– rudzi kana marudzi.
Mhosva	– ngava.
Mangwana	– zuva rinotevera nhasi.
Mheterwa	– kuridza muridzo.
Mhururu	– kupururudza.
Takasununguka	– takafaranuka.
Mutungamiriri	– mukuru.

Hurukuro

Mhinduro dzebasa riri mubhuku revadzidzi

- | | |
|-----------------|-----------------|
| 1 mutungamiriri | 5 mangwana |
| 2 mhosva | 6 mhururu |
| 3 mheterwa | 7 kodzero |
| 4 mhando | 8 takasununguka |

B. Nzwisiso

Kodzero dzevanhu

Vadzidzi ngavaverenge hurukuro iyi vachiita sechimutambo. Ngavaverenge mumapoka avo. Ngavapindure mibvunzo yenzwisiso yavachabvunzwa nemudzidzisi. Mumapoka avo ngavapindure mibvunzo yenzwisiso iri pamakadhi. Mumwe nemumwe ngaapindure mibvunzo iri mubhuku revadzidzi achinyora.

Mhinduro dzemibvunzo iri mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- | | |
|------------------|-------------------|
| 1 Vaiva mupurisa | 6 anosungwa |
| 2 kuMhondoro | 7 inhembe yeshure |
| 3 munhu | 8 kufa |
| 4 kuchipatara | 9 kuuchira |
| 5 ndiMai Chigaba | 10 ndiVaMoyo |

C. Kushandisa vara guru

Vadzidzi ngavataure panoshanda mavara makuru. Ngavaise mavara makuru muzvirevo zviri pabhambiri. Mumapoka vadzidzi ngavaumbe zvirevo zvine mavara makuru. Mumwe nemumwe ngaaise mavara makuru pamazwi anokodzera ari mubhuku revadzidzi achinyora.

Mhinduro dzebasa riri mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- 1 Kunze kwainge kuchitonhora mumwedzi waChikumi.
- 2 Rudo auya naChipo.
- 3 Ndaenda kumuchato namainini vangu.
- 4 Mangwana ndichaenda kuMasvingo.
- 5 Nyika yedu inonzi Zimbabwe.
- 6 Baba vake vanouya neMugovera.
- 7 Anodzidziswa naMai Mutasa.
- 8 Ndichaenda kukereke nemusi weSvondo.
- 9 Vanhu vose vakatenda VaMhoshiwa.
- 10 Mupurisa asunga munhu atyora kodzero.

D. Nyaudzosingwi

Vadzidzi ngavadome nyaudzosingwi dzavanziva. Ngavazadzise zvirevo zviri pabhambiri nenyaudzosingwi. Mumapoka avo vadzidzi ngavanyore zvirevo zviviri zvine nyaudzosingwi. Mumwe nemumwe ngaanyore basa riri mubhuku revadzidzi.

Mhinduro dzebasa riri mubhuku revadzidzi

- | | |
|----------|------------|
| 1 pfacha | 6 cheu |
| 2 tumbi | 7 piriviri |
| 3 ndo-o | 8 vhu-u |
| 4 mwi-i | 9 tande |
| 5 mbu-u | 10 toro |

E. Zviperego

Vadzidzi ngavaverenge mazwi ari pazvitai-tai. Ngavaperetere mazwi aya. Mudzidzisi ngaadanidzire mazwi vana vachinyora.

F. Rondedzero yetsananguro

Munhu wandinofarira

Vadzidzi ngavakurukure manyorerwo erondedzero. Ngavatsanangure munhu wavanofarira vachibatsirwa nepfungwa dzakapiwa. Vadzidzi ngavanyore rondedzero iyi mumapoka avo. Mumwe nemumwe ngaanyore rondedzero iyi mubhuku rake.

G. Mwaka yegore

Vadzidzi ngavakurukure mwaka yegore. Ngavataure zvinoitwa mumwaka mumwe nemumwe. Mumapoka avo vadzidzi ngavapindure mibvunzo iri pamakadhi.

Mhinduro dzebasa riri mubhuku revadzidzi.

- 1 zhizha
- 2 zhizha
- 3 chando
- 4 chirimo
- 5 munakamwe kana zhizha
- 6 chirimo
- 7 chando
- 8 chirimo/chando

H. Basa rekuita kumba

Mhinduro dzebasa riri mubhuku revadzidzi.

- a kusakura / kukohwa / kufudza mombe
- b kutema huni / kupandira minda
- c kuchera mupfudze / kuisa mupfudze muminda / kutsvaka huni
- d kurima / kudya mbeu / kufudza mombe

Mabasa evanhu munyika

Zvinangwa zvechikamu

Panoperera chikamu chino, vadzidzi vanotarisirwa kunge vokwanisa:

- a** kuteerera nekutaura.
- b** kuverenga ndima vachitevedza zvimiso.
- c** kupindura mibvunzo yenzwisiso mukunyora.
- d** kuzadzisa tsumo.
- e** kududzira madimikira.
- f** kushandisa chibvunzo.
- g** kunyora tsamba kushamwari.
- h** kutaura mhuka nevana vadzo.

Zvombo zvichashandiswa

- Zvitai-tai zvine mazwi.
- Bhambiri rine tsumo.
- Bhambiri rine madimikira.
- Rwiyo mudzimudzangara kana munharembosha.
- Bhambiri rine chibvunzo.
- Bhambiri rine tsamba yeshamwari.
- Bhambiri rine mhuka nevana vadzo.
- Makadhi ane basa remapoka.
- Mufananidzo wevanhu vari kuita basa.

Dura

PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona Bhuku romudzidzi Gwaro ReChina peji 14-20.
Bumbiro retsika nemagariro (Heritage Based Curriculum - HBC) 2024-2030.

A. Hurukuro

Vadzidzi ngavaite gakava rinoti, “Kune mabasa evanhurume nemabasa evanhukadzi chete.”
Vadzidzi ngavaite mapoka maviri. Rimwe boka ngaritsigire musoro rimwe richipikisa. Mudzidzisi ngaape zvibodzwa kuboka rinenge rapa pfungwa dzine musoro. Boka rinenge rawana zvibodzwa zvizhinji ndiro rinenge ratora mukombe.

Mazwi nezvaanoreva

Mhinduro dzemazwi ari mubhuku revadzidzi

tisakanganwa	– tisakoshiwa / tiyeuke.
pfunda	– murume akafirwa nemukadzi.
tsvina	– zvinhu zvinenge zviri panzvimbo yazvisingadiwe kana kuti marara.
tinovhota	– tinosarudza munhu watinoda.
kubhadhara	– kutenga nemari.
chirahwe	– mutauro wekurodza pfungwa.
chidembo	– mhuka yemusango inonhuwa.
marairanwa	– matsiuranwa.

Hurukuro

Vana ngavataurirane mabasa anoitwa nevanhu munyika. Mumapoka avo vadzidzi ngavaedzesere mabasa evanhu munyika.

Mhinduro dzebasa riri mubhuku revadzidzi

- | | |
|--------------|----------------|
| 1 marairanwa | 5 tinovhota |
| 2 tsvina | 6 chirahwe |
| 3 kubhadhara | 7 chidembo |
| 4 pfunda | 8 tisakanganwa |

B. Nzwisiso

Iwe, ini tine basa

Vadzidzi ngavaverenge detembo iri vachiita majana. Mudzidzisi ngaabvunze vadzidzi mibvunzo vachipindura. Mumapoka avo vadzidzi ngavapindure mibvunzo iri pamakadhi. Mumwe nemumwe ngaapindure mibvunzo iri mubhuku revadzidzi.

Mhinduro dzemibvunzo iri mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- 1 Tamba – tamba chidembo muswe ndakabata.
- 2 Badza.
- 3 Ine tsvina inonhuwa.
- 4 manyoka nekorerera
- 5 Pfunda, shirikadzi, vane urema, vanotambura, chembere, nherera neharahwa.
- 6 mitero
- 7 Inobhadhara vashandi, inobatsira vanotambura uye inovaka nyika.
- 8 Gumi nemasere
- 9 Murume akafirwa nemukadzi ndiye pfunda.
- 10 Mwoyo muti unomera paunoda.

C. Tsumo dzekuraira

Vadzidzi ngavazadzise tsumo dziri pabhambiri. Mumapoka avo ngavazadzise tsumo dziri pamakadhi. Mumwe nemumwe ngaazadzise tsumo dziri mubhuku revadzidzi.

Mazadzisirwo etsumo dziri mubhuku revadzidzi ndeaya;

- | | |
|----------------|-------------------------|
| 1 akapisa jira | 6 ndewako |
| 2 marairanwa | 7 ndewako |
| 3 rakowo | 8 nembonje pahuma |
| 4 hauwiri pasi | 9 maruva enyika haaperi |
| 5 haupi kaviri | 10 kunobva kamwe |

D. Kududzira madimikira

Vadzidzi ngavadudzire madimikira ari pabhambiri. Mumapoka avo vadzidzi ngavadudzire madimikira ari pamakadhi. Mumwe nemumwe ngaadudzire madimikira ari mubhuku revadzidzi.

Madudzirirwo emadimikira ari mubhuku revadzidzi

- | | |
|------------------------------------|----------------------|
| 1 anopopota zvikuru | 6 kuva neruchiva |
| 2 anoroya | 7 kufarisa |
| 3 kuvengana | 8 anotaurisa |
| 4 kuva neusimbe kana kuva neunyope | 9 kuwirirana chaizvo |
| 5 anogara achirova vamwe | 10 anopopota chaizvo |

E. Kushandisa chibvunzo

Vadzidzi ngavaise chibvunzo muzvirevo zviri pabhambiri. Mumapoka avo vadzidzi ngavaumbe zvirevo zvine chibvunzo. Ngavaise chibvunzo muzvirevo zviri mubhuku revadzidzi.

Kuisa chibvunzo muzvirevo zviri mubhuku revadzidzi

- 1 Nyika yedu inonzi ani?
- 2 Ndiani warovha chikoro nhasi?
- 3 Chii chauri kuda?
- 4 Unofunga kuti unouya rini?
- 5 Ndiani aba chinyoreso changu?
- 6 A-a-a. Nemhaka yei wanonoka kuchikoro?
- 7 Ndeipi mhuka inodya dzimwe mhuka?
- 8 Wasangana naye kupi?
- 9 Unogara nani?
- 10 Wauya nani?

F. Rondedzero yetsamba kushamwari

Vadzidzi ngavataurirane manyorerwo etsamba kushamwari. Mumapoka avo ngavanyore tsamba kushamwari vachiiudza mabasa avanoita pamba pavo. Mumwe nemumwe ngaanyore tsamba iyi achishandisa pfungwa dziri mubhuku revadzidzi.

G. Mhuka nevana vadzo

Vadzidzi ngavazadzise zvirevo zviri pabhambiri zvemhuka nevana vadzo. Mumapoka avo vadzidzi ngavataure nekunyora mhuka nhatu nevana vadzo. Mumwe nemumwe ngaanyore basa riri mubhuku revadzidzi.

Mhinduro dzebasa riri mubhuku revadzidzi

- | | | | |
|---|-----------|----|-------------|
| 1 | nhowa | 6 | mhuru |
| 2 | nyoka | 7 | imbwa |
| 3 | tsvana | 8 | hukwana |
| 4 | gwai/hwai | 9 | shiri |
| 5 | chigwihi | 10 | ganyamatope |

Mabasa evana munyika

Zvinangwa zvechikamu

Panoperera chikamu chino, vadzidzi vanotarisirwa kunge vave kukwanisa:

- a** kuteerera nekutaura.
- b** kuverenga ndima yenzwisiso.
- c** kupindura mibvunzo yenzwisiso mukunyora.
- d** kutanga chirevo nanyakuitirwa.
- e** kuzadzisa zvirevo nefananidzo.
- f** kuzadzisa zvirevo nenguva dzezviito.
- g** kunyora rondedzero.
- h** kuita basa rekumba.

Zvombo zvichashandiswa:

- Zvitai-tai zvine mazwi.
- Bhambiri rine zvirevo zvanyakuita nanyakuitirwa.
- Bhambiri rine fananidzo.
- Bhambiri rine nguva dzezviito.
- Makadhi ane basa remapoka.
- Mifananidzo yevana vari kuita basa.

Dura

PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona Bhuku romudzidzi Gwaro ReChina peji 21-27.
Bumbiro retsika nemagariro (Heritage Based Curriculum - HBC) 2024-2030.

A. Hurukuro

Vadzidzi ngavataure mabasa anoitwa nevana munyika. Mumapoka avo vadzidzi ngavaite chimutambo chevana vari kuita basa.

Mazwi nezvaanoreva

Zvinoreva mazwi ari mubhuku revadzidzi

kuchengetedza	– kubata zvakanaka.
zvokudya	– zvinhu zvinodyiwa kana kuti chikafu.
chinopfumba	– chionoenda.
dzisatsakatika	– dzisaparara.
chidiyiwa	– chokudya.
tinokurudzirwa	– tinotarisirwa / tinokohomedzwa.
munharaunda	– munzvimbo matinogara.
zvatinotumwa	– kuudzwa zvokuita.

Hurukuro

Mazadzisirwo ebasa riri mubhuku revadzidzi

1 nharaunda	5 zvatinotumwa
2 chidiyiwa	6 zvokudya
3 chionoenda	7 dzisatsakatika
4 chengetedza	8 tinokurudzirwa

B. Nzwisiso

Mabasa evana munyika

Vadzidzi ngavataure zvimiso uye mabasa azvo. Mumapoka vadzidzi ngavaverenge ndima vachitevedzera zvimiso. Ngavasarudze shasha yeboka iyo ichazokwikwidzana nedzimwe shasha dzemamwe mapoka posharwa nyanzvi yevhiki iyoyo.

Vadzidzi ngavapindure mibvunzo yenzwisiso yavachabvunzwa nemudzidzisi wavo. Mumapoka avo vadzidzi ngavapindure mibvunzo iri pamakadhi. Mumwe nemumwe ngaapindure mibvunzo iri mubhuku revadzidzi.

Mhinduro dzemibvunzo iri mubhuku revadzidzi

1 ndiShumirai	4 unyope
2 ndiRatidzai	5 unhu
3 kwaMupandawana	6 Chengeto

- 7 rukudzo
- 8 VaMaire

- 9 misodzi
- 10 kupfugama / kugwadama

C. Nyakuita nanyakuitirwa

Mudzidzisi ngaabvunze vana zvinoreva nyakuita nanyakuitirwa. Vadzidzi ngavatange zvirevo zviri pabhambiri nanyakuitirwa. Mumapoka avo vadzidzi ngavaumbe zvirevo vachitanga nanyakuitirwa. Mumwe nemumwe ngaatange zvirevo zviri mubhuku revadzidzi nanyakuitirwa.

Mhinduro dzebasa riri mubhuku revadzidzi

- | | |
|-----------------------------------|--------------------------------|
| 1 Shumirai akafariswa naRatidzai. | 6 Gonzo rarumwa nekiti. |
| 2 Hari yaumbwa nambuya. | 7 Sadza rabikwa namai. |
| 3 Imba yavakwa nasekuru. | 8 Muti watemwa nemukomana. |
| 4 Chimera chadyiwa nembudzi. | 9 Huni yavhunwa naSekai. |
| 5 Mwana adzidziswa naVaMaire. | 10 Maputi akangwa naTinotenda. |

D. Fananidzo

Vadzidzi ngavazadzise zvirevo zviri pabhambiri nefananidzo. Mumapoka avo vadzidzi ngavaumbe zvirevo zvine fananidzo. Mumwe nemumwe ngaazadzise zvirevo zviri mubhuku revadzidzi.

Mhinduro dzezvirevo zvefananidzo zviri mubhuku revadzidzi

- | | |
|-------------|------------|
| 1 bere | 6 kiti |
| 2 chidembo | 7 kamba |
| 3 gudo | 8 dombo |
| 4 mhiripiri | 9 rutsanga |
| 5 gunguwo | 10 ngirozi |

E. Zvakaitika, zviri kuitika nezvichaitika

Vadzidzi ngavazadzise zvirevo zviri pabhambiri nezwi rakakodzera. Mumapoka avo vadzidzi ngavaumbe zvirevo nenguva dzezviito. Mumwe nemumwe ngaazadzise zvirevo zviri mubhuku revadzidzi achinyora.

Mhinduro dzebasa riri mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- | | | | |
|---|------------|----|----------------|
| 1 | ndadya | 6 | ichatengwa |
| 2 | ndakaimba | 7 | ndabika |
| 3 | ndichaenda | 8 | ndichashanyira |
| 4 | ndanyora | 9 | ndanonga |
| 5 | yakadya | 10 | vakaruka |

F. Rondedzero yetsananguro

Shamwari yangu

Vadzidzi ngavataurirane manyorerwo erondedzero. Ngavakurukure mavambo erondedzero iyi. Mumapoka vadzidzi ngavanyore rondedzero iyi. Mumwe nemumwe ngaanyore rondedzero iyi mubhuku rake achishandisa pfungwa dziri mubhuku revadzidzi.

G. Ukama

Vadzidzi ngavadome hama dzavo. Ngavazadzise zvirevo zviri pabhambiri nezwi reukama. Mumapoka avo vadzidzi ngavaumbe zvirevo zveukama. Mumwe neumwe ngaazadzise zvirevo zviri mubhuku revadzidzi nezwi reukama rakakodzera.

Mhinduro dzebasa riri mubhuku revadzidzi

- | | | | |
|---|--------|----|------------|
| 1 | mbuya | 6 | baba |
| 2 | amai | 7 | sekuru |
| 3 | sekuru | 8 | maiguru |
| 4 | ambuya | 9 | babamukuru |
| 5 | vatete | 10 | sekuru |

H. Basa rekuita kumba

Vadzidzi ngavanyore zvirevo gumi zvine fananidzo.

I. Tsika nemagariro

Vana vanotaura mhinduro muzvikwata.

Zvinangwa zvechikamu

Panoperera chikamu chino, vadzidzi vanotatisirwa kunge vokwanisa:

- a** kuteerera nekutaura.
- b** kuverenga ndima yenzwisiso.
- c** kupindura mibvunzo yenzwisiso mukunyora.
- d** kududzira zvirahwe.
- e** kuzadzisa zvirevo nemazita.
- f** kushandisa zvimiso mumitsara.
- g** kunyora zviperengo.
- h** kunyora rondedzero.
- i** kuzadzisa zvirevo nemidziyo yechinyakare.
- j** kuita basa rekumba.

Zvombo zvichashandiswa

- Zvitai-tai zvine mazwi.
- Mifananidzo yevana.
- Bhambiri rine zvirahwe.
- Bhambiri rine zvimiso.
- Makadhi ane basa remapoka.
- Bhambiri rine mazita.
- Bhambiri rine midziyo yechinyakare.
- Rwiyo munharembosha kana mudzimudzangara rwokuchengetedza vana.
- Mifananidzo yemidziyo yechinyakare.

Dura

PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona Bhuku romudzidzi Gwaro ReChina peji 28-34.
Bumbiro retsika nemagariro (Heritage Based Curriculum - HBC) 2024-2030.

A. Hurukuro

Vadzidzi ngavataurirane kuti vana vangachengetedzwa sei munyika. Mumapoka avo vadzidzi ngavaite chimutambo chekuchengetedzwa kwevana.

Mazwi nezvaanoreva

Zvinoreva mazwi ari mubhuku revadzidzi

muenzi	– munhu anenge ashanya.
anokanda tsoka	– anofambisa.
n’anga	– munhu anorapa nemakwenzi nehakata.
vanosvikomugadzika	– vanosvikomutsveta.
anosvikoshamisika	– anosvikokatyamara.
misodzi riri pamatama	– misodzi ichibuda / kuchema.
kutsvaka	– kutarisa.
mbavha	– munhu anoba.

Kuzadzisa zvirevo zviri mubhuku revadzidzi ndeuku:

- | | |
|----------------------|------------------------|
| 1 mbavha | 5 misodzi iri pamatama |
| 2 kutsvaka | 6 n’anga |
| 3 muenzi | 7 vakasvikoshamisika |
| 4 vakasvikomugadzika | 8 akakanda tsoka |

B. Nzwisiso

Kuchengetedza vana

Vadzidzi ngavaverenge ndima. Ngavapindure mibvunzo. Mumapoka avo vadzidzi ngavapindure mibvunzo iri pamakadhi. Mumwe nemumwe ngaapindure mibvunzo iri mubhuku revadzidzi.

Mhinduro dzemibvunzo iri mubhuku revadzidzi

- | | |
|-----|------|
| 1 D | 6 D |
| 2 B | 7 C |
| 3 B | 8 A |
| 4 C | 9 A |
| 5 B | 10 D |

C. Zvirahwe

Vadzidzi ngavadudzire zvirahwe zviru pabhambiri. Vadzidzi ngavaende mumapoka maviri vopa chirahwe rimwe boka richidudzira. Mudzidzisi ngaape zvibodzwa kune vagona kududzira zvirahwe. Boka rinenge rawana zvibodzwa zvizhinji ndiro rinenge rabudirira.

Mhinduro dzezvirahwe zviru mubhuku revadzidzi

- | | |
|------------|-------------|
| 1 ngoma | 6 mhiripiri |
| 2 jongwe | 7 munzwa |
| 3 mapfihwa | 8 zongororo |
| 4 sadza | 9 bhande |
| 5 derere | 10 howa |

D. Mazita

Vadzidzi ngavazadzise zvirevo zviru pabhambiri nemazita akakodzera. Mumapoka vadzidzi ngavaumbe zvirevo zvine mazita. Mumwe nemumwe ngaanyore basa riri mubhuku revadzidzi.

- | | |
|-----------|---------------|
| 1 dangwe | 6 gotwe |
| 2 nherera | 7 nyamukuta |
| 3 hurudza | 8 hombarume |
| 4 mhizha | 9 vahosi |
| 5 mapatya | 10 shirikadzi |

E. Zvimiso (. , ?)

Vadzidzi ngavazadzise zvirevo nechimiso chakakodzera. Mumapoka vadzidzi ngavaumbe zvirevo zvine zvimiso zvakapiwa. Mumwe nemumwe ngaazadzise zvirevo zviru mubhuku revadzidzi nechimiso chakakodzera.

Mhinduro dzebasa riri mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- 1 Rudo anofarira bhora revasikana.
- 2 Wauya nei uchibva kuHarare?
- 3 Ndakakuvigira sosote, nhengeni, nzviru nemambwide.
- 4 Ainge achitamba neshamwari dzake.
- 5 Wanzwa nani kuti ndiye akaba?
- 6 Atenga ndiro, makapu, rusero, tswanda nemugomo.

- 7 Chii chauri kufunga nhasi?
- 8 Rumbidzai musikana mushava.
- 9 VaMaphosa vanorima donje, chibage, nyimo, nzungu nezviyo.
- 10 Ndeipi nyika iri kumabvazuva kweZimbabwe?

F. Zviperengo

Vadzidzi ngavaverenge mazwi ari paZvitaitai. Vari vaviri vaviri vadzidzi ngavapereteresane mazwi. Mumwe nemumwe ngaanyore mazwi achadaidzirwa nemudzidzisi.

G. Rondedzero

Mwaka wandinofarira

Vadzidzi ngavakurukure mavambo erondedzero iyi akasiyana-siyana. Mumapoka avo vadzidzi ngavanyore rondedzero iyi. Mumwe nemumwe ngaanyore rondedzero iyi mubhuku rake achishandisa pfungwa dziri mubhuku revadzidzi.

H. Midziyo yechinyakare

Vadzidzi ngavadome midziyo yechinyakare. Mumapoka avo vadzidzi ngavataure mashandisirwe emidziyo iyi. Mumwe nemumwe ngaanyore basa riri mubhuku revadzidzi.

Mhinduro dzebasa riri mubhuku revadzidzi

- | | |
|---------------|-------------|
| 1 muguchu | 6 chirongo |
| 2 denhe | 7 gonamombe |
| 3 chinu | 8 hadyana |
| 4 shambakodzi | 9 hodzeko |
| 5 hwedza | 10 gate |

I. Basa rekuita kumba

Kushandisa mazwi muzvirevo

Vadzidzi ngavashandise mazwi akapiwa muzvirevo semuenzaniso.

- 1 Shirikadzi mukadzi akafirwa nemurume.
- 2 Mukadzi mukuru pabarika anonzi vahosi.

- 3 Musikana adarika zera rekuroorwa anonzi tsikombi.
- 4 Murume akafirwa nemukadzi anonzi pfunda.
- 5 Mwana akafirwa nevabereki anonzi nherera.
- 6 Munhu anoshopera nemidzi nehakata anonzi n'anga.
- 7 Mudzimai anosunungura madzimai ane pamuviri anonzi nyamukuta.
- 8 Mwana anotangwa kuzvarwa mumhuri anonzi dangwe.
- 9 Nyanzvi pakuvhima mhuka inonzi hombarume.
- 10 Munhu anozivikanwa pakurima zvikuru anonzi hurudza.

Chirere mangwana chigokurerawo

Zvinangwa zvechikamu

Panoperera chikamu chino, vadzidzi vanotarisirwa kunge vokwanisa:

- a** kuteerera nekutaura.
- b** kuverenga ndima yenzwisiso mukunyora.
- c** kushandisa nyora.
- d** kuisa mazwi muushoma.
- e** kushandisa madimikira muzvirevo.
- f** kunyora rondedzero.
- g** kuverenga makiromita.

Zvombo zvichashandiswa

- Zvitai-tai zvine mazwi.
- Bhambiri rine nyora.
- Bhambiri rine mazwi muushoma.
- Bhambiri rine madimikira.
- Girafu remakiromita.
- Mufananidzo wevana vacheche.
- Makadhi ane basa remapoka.

Dura

PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona Bhuku romudzidzi Gwaro ReChina peji 35-40.
Bumbiro retsika nemagariro (Heritage Based Curriculum - HBC) 2024-2030.

A. Hurukuro

Vadzidzi ngavataure zvavanotarisisira kuitirwa nevabereki kuti vakure zvakanaka. Mumapoka avo vadzidzi ngavaite chimutambo chezvinoitirwa vana nevabereki.

Mazwi nezvaanoreva

Zvinoreva mazwi ari mubhuku revadzidzi

makorokoto	– kukorokotedza munhu aita zvakanaka kana kuti abara mwana.
samatenga	– Mwari, Musikavanhu kana Nyadenga.
tsvina	– marara.
dzvinyu	– chipuka chinogara mumwena.
muchetura	– mushonga unouraya.
kuchenjerera	– kungwarira.
pfungwa	– zvinenge zvafungwa nemunhu.
madhaka	– ivhu nyoro.

Hurukuro

Mazadzisirwo ezvirevo zviri mubhuku revadzidzi

- | | |
|-------------|----------------|
| 1 madhaka | 5 kuchenjerera |
| 2 muchetura | 6 tsvina |
| 3 Samatenga | 7 nemakorokoto |
| 4 Dzvinyu | 8 pfungwa |

B. Nzwisiso

Chirere mangwana chigokurerawo

Vadzidzi ngavaverenge detembo riri mubhuku revadzidzi vachiita majana. Mumapoka avo vadzidzi ngavaverenge detembo. Ngavatsvake shasha yeboka iyo ichazokwikwidzana nedzimwe shasha dzemapoka pobuda nyanzvi yevhiki iyoyo yekuverenga.

Vadzidzi ngavapindure mibvunzo yenzwisiso iri mubhuku revadzidzi.

Mhinduro dzemibvunzo yenzwisiso ndeizi;

- | | |
|-----|------|
| 1 B | 6 C |
| 2 C | 7 C |
| 3 B | 8 A |
| 4 D | 9 A |
| 5 B | 10 C |

C. Kushandisa nyora (“ ”)

Vadzidzi ngavatsanangure panoshanda nyora. Ngavaise nyora pazvirevo zviri pabhambiri. Mumapoka avo vadzidzi ngavaumbe zvirevo zvine nyora. Mumwe nemumwe ngaanyore basa riri mubhuku revadzidzi achiisa nyora pakakodzera.

Mhinduro dzebasa riri mubhuku revadzidzi

- 1 Chenesai akamuti, “Unenge ndiwe waba mbuva yangu.”
- 2 “Unonzi ani?” Akabvunza Ruvimbo.
- 3 Joseph akati, “ Uya nechinyoreso changu.”
- 4 “Usatamba nembavha,” vakadaro amai.
- 5 “Ndichakutengera shangu,” vakadaro baba.
- 6 Sekuru vakati, “Seka urema wafa.”
- 7 “Mwana aendepi?” Vakabvunza vatete.
- 8 Chipro akati, “Ndamuwana achitamba matakanana.”
- 9 Tafara akati, “Ndinofarira sadza nemuriwo une dovi.”
- 10 Kudakwashe akati, “Ndauya naye.”

D. Kuisa mazwi muushoma

Vadzidzi ngavaise mazwi ari pabhambiri muushoma. Mumapoka avo vadzidzi ngavaise mazwi ari pamakadhi muushoma. Mumwe nemumwe ngaanyore basa riri mubhuku revadzidzi.

Mhinduro dzebasa riri mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- | | |
|------------|-----------|
| 1 zhanje | 6 chitoro |
| 2 muti | 7 gwai |
| 3 musikana | 8 nguwo |
| 4 visi | 9 zino |
| 5 mbudzi | 10 dohwe |

E. Kududzira madimikira muzvirevo

Vadzidzi ngavataure madimikira avanoziva vodudzira. Mumapoka avo vadzidzi ngavadudzire madimikira ari pabhambiri. Mumwe nemumwe ngaadudzire madimikira ari mubhuku revadzidzi.

Mhinduro dzebasa riri mubhuku revadzidzi ndeidzi:

Vana vanonyora zvirevo vachishandisa madimikira akapihwa.

F. Rondedzero yenyaya

Ini pachangu

Vadzidzi ngavataurirane manyorerwo erondedzero. Ngavafunge mavambo erondedzero iyi. Mumwe nemumwe ngaanyore rondedzero iyi mubhuku rake.

G. Kuverenga makiromita

Vadzidzi ngavataure makiromita ari pabhambiri. Mumapoka avo ngavapindure basa riri pamakadhi. Mumwe nemumwe ngaanyore basa riri mubhuku revadzidzi.

Mhinduro dzebasa riri mubhuku revadzidzi

- 1 makoromita makumi maviri
- 2 makiromita makumi matatu
- 3 makiromita makumi matanhatu
- 4 Glendale
- 5 Mt Darwin
- 6 makiromita gumi
- 7 makiromita gumi
- 8 makiromita makumi matatu
- 9 zvakaenzana / zvakafanana
- 10 Kubva Mazoe kuenda Harare nekubva Mazoe kuenda Bindura

Zvinangwa zvechikamu

Panoperera chikamu chino, vadzidzi vanotarisirwa kunge vokwanisa:

- a** kuteerera nekutaura.
- b** kuverenga ndima yenzwisiso.
- c** kupindura mibvunzo yenzwisiso mukunyora.
- d** kunyora pfupiso.
- e** kushandisa zvisazitasingwi mumitsara.
- f** kushandisa chikuwo mumitsara.
- g** kunyora tsamba kuhama.
- h** kupindura mibvunzo inoenderana nemepu yeZimbabwe.

Zvombo zvichashandiswa

- Zvitai-tai zvine mazwi.
- Bhambiri rine zvisazitasingwi.
- Bhambiri rine zvirevo zvine zvikuwo.
- Bhambiri rine tsamba kuhama.
- Mepu yeZimbabwe.
- Rwiyo mudzimudzangara kana munharembosha.
- Makadhi ane basa remapoka.

Dura

PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona Bhuku romudzidzi Gwaro ReChina peji 42-48.
Bumbiro retsika nemagariro (Heritage Based Curriculum - HBC) 2024-2030.

A. Hurukuro

Vadzidzi ngavaite gakava rine musoro unoti, “Chirwere chemukondombera chinokonzerwa neupfambi chete.” Mudzidzisi ngaaise vadzidzi mumapoka maviri. Rimwe boka rinenge

richitsigira musoro rimwe boka richipikisa musoro. Mudzidzisi ngaape zvibodzwa kuboka rinenge rataura pfungwa ine musoro. Boka rinenge raita zvibodzwa zvakawanda ndiro rinenge rabudirira pagakava iri.

Mazwi nezvaanoreva

Zvinoreva mazwi ari mubhuku revadzidzi

utachiona	– tupuka tunokonzera zvirwere.
gumbo mumba, gumbo panze	– chipfambi.
tsaona	– njodzi.
chakurumbira	– chaita mbiri.
vachisununguka	– vachibara vana.
kunoongororwa	– kunotariswa.
kuyamwisa	– kupa mwana mukaka.
mukondombera	– chirwere chinouraya chinoita kuti ubatwe nezvirwere zvakasiyana-siyana.

Hurukuro

Mhinduro dzemibvunzo iri mubhuku revadzidzi

- | | |
|---------------------------|------------------|
| 1 gumbo mumba gumbo panze | 5 vachisununguka |
| 2 utachiona | 6 mukondombera |
| 3 vanoongororwa | 7 yamwisa |
| 4 tsaona | 8 chakurumbira |

B. Nzwisiso

Chirwere chemukondombera

Vadzidzi ngavaverenge ndima iyi vachiita majana. Mudzidzisi ngaabvunze vadzidzi mibvunzo yenzwisiso. Mumapoka avo vadzidzi ngavapindure mibvunzo iri pamakadhi. Mumwe nemumwe ngaapindure mibvunzo iri mubhuku revadzidzi.

Mhinduro dzemibvunzo iri mubhuku revadzidzi

- | | |
|-----|------|
| 1 B | 6 C |
| 2 D | 7 D |
| 3 A | 8 B |
| 4 A | 9 D |
| 5 B | 10 B |

C. Pfupiso

Vadzidzi ngavatsanangure zvinodiwa pakunyora pfupiso. Mumapoka avo vadzidzi ngavataurirane zvinokonzero kupararira kwechirwere chemukondombera zvavaverenga mundima. Ngavabatanidze pfungwa idzi kumba pfupiso.

Pfungwa dzinogona kubuda papfupiso iyi ndeidzi:

- Bonde neane chirwere ichi.
- Mai vane utachiona vanokwanisa kutapurira mwana ari mudumbu kana paanozvarwa.
- Ropa rine utachiona rinoparadzira utachiona patsaona.
- Zvinocheka nezvinobaya zvinenge zvashandiswa neane utachiona.

D. Kushandisa zvisazitasingwi

Vadzidzi ngavataure zvisazitasingwi nekuzadzisa zvirevo zviri pabhambiri nezvisazitasingwi zvakakodzera. Mumapoka avo vadzidzi ngavaumbe zvirevo nezvisazitasingwi.

Mhinduro yebasa riri mubhuku revadzidzi

- | | |
|-----------|------------|
| 1 inini | 6 izvozvo |
| 2 iwewe | 7 ihwohwo |
| 3 isusu | 8 iroro |
| 4 iroro | 9 ichocho |
| 5 ichocho | 10 irworwo |

E. Chikuwo (!)

Vadzidzi ngavatsanangure panoshanda chikuwo. Ngavaise chikuwo pazvirevo zviri pabhambiri. Mumapoka avo vadzidzi ngavaumbe zvirevo zvine zvikuwo.

Mhinduro dzebasa riri mubhuku revadzidzi

- 1 Ngoto-o! Ngoto-o kuno-o!
- 2 “Maiwe-e kani!” Akachema Chipiwa.
- 3 Nyoka iyo-o!
- 4 Yowe-e ndarumwa-a!
- 5 I-i usanditsike!
- 6 Uyai kumusangano izvozvi-i!

- 7 Chenjerai matsotsi-i!
- 8 Hokoyoi nemabhinya-a!
- 9 “Usandibata-a !” Akadaidzira Yeudzirai.
- 10 “Uya nen’ombe-e!” Vakadaidzira mai vaChido.

F. Rondedzero tsamba kuhama

Vadzidzi ngavataurirane manyorerwo etsamba kuhama. Ngavatsanangure musi wavakarwara. Mumapoka avo ngavanyore tsamba iyi. Mumwe nemumwe ngaanyore tsamba iyi mubhuku rake achishandisa pfungwa dziri mubhuku revadzidzi.

G. Basa rekuita kumba

Mhinduro dzemibvunzo iri mubhuku revadzidzi

- 1 Zimbabwe
- 2 Harare
- 3 Bulawayo
- 4 Kadoma, Kwekwe, Zvishavane, Mashava nemamwe.
- 5 donje, chibage, nzimbe, nzungu, nyimo, fodya, zviyo nezvimwe.
- 6 goridhe, marasha, madhaimondi, kuromu, kopa nezvimwe.

H. Tsika nemagariro

Vana vanotsanangura zvinoitwa patsika yega yega. Vanosarudza tsika yavangade kushandisa kana vakura.

Zvinangwa zvechikamu

Panoperera chikamu chino, vadzidzi vanotarisirwa kunge vokwanisa:

- a** kuteerera nekutaura.
- b** kuverenga ndima yenzwisiso.
- c** kupindura mibvunzo yenzwisiso mukunyora.
- d** kuzadzisa zvinoreva tsumo.
- e** kushandisa hameno, kana uye nyangwe muzvirevo.
- f** kuzadzisa zvirevo zvine mazita.
- g** kunyora rondedzero.

Zvombo zvichashandiswa

- Zvitai-tai zvine mazwi.
- Bhambiri rine tsumo.
- Bhambiri rina hameno, kana uye nyangwe.
- Bhambiri rine mazita.
- Makadhi ane basa remapoka.
- Bhambiri rine zvimiso.

Dura

PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona Bhuku romudzidzi Gwaro ReChina peji 49-54.

Bumbiro retsika nemagariro (Heritage Based Curriculum - HBC) 2024-2030.

A. Hurukuro

Vadzidzi ngavataure zvinoreva inzwi rekuti nherera. Ngavakurukurirane zvavanofanira kuitira nherera. Mumapoka avo vadzidzi ngavaite chimutambo chekubatsira nherera. Boka rinenge rine vana vanotaura vakangwara uye vanobudisa rubatsiro rwenherera ndivo vanenge vagona muchimutambo ichi.

Mazwi nezvaanoreva

tsitsi	– ngoni.
aitambura	– aive nenhamo.
kutsenga mvura	– kudada.
vachidzidzisa	– vachifundisa.
achifinyamisa	– akasunga pameso.
vakazobatsira	– vakazoyamura.
vakamukurudzira	– vakamukohomedza.
asinganzwi	– asingaiti zvakanaka / achirwara.

Hurukuro

Mhinduro dzemazadzisirwo ezvirevo zviri mubhuku revadzidzi

- | | |
|-------------------|------------------|
| 1 asinganzwi | 5 vakazobatsirwa |
| 2 tsitsi | 6 kutsenga mvura |
| 3 vachidzidzisa | 7 aitambura |
| 4 vakamukurudzira | 8 achifinyamisa |

B. Nzwisiso

Chemai

Vadzidzi ngavataure mazita ezvimiso nemabasa azvo. Ngavaverenge ndima vachiita majana. Mumapoka avo ngavaverenge ndima iyi. Vadzidzi ngavapindure mibvunzo yavachabvunzwa nemudzidzisi. Mumwe nemumwe ngaanyore basa riri mubhuku revadzidzi.

Mhinduro dzebasa riri mubhuku revadzidzi

- 1 Bumburwi kuGweru.
- 2 chirwere chemukondombera.
- 3 vatete / hanzvadzi yababa vake.
- 4 kudada
- 5 Dadirai
- 6 Mai Marozva
- 7 nherera
- 8 sipo, nhumbi nemafuta.
- 9 aiti ainhuwa tsvina, aive nemaronda aisemesa uye aibuda urwa munzeve.
- 10 Akamupa zvinyoreso nemabhuku.

C. Kuzadzisa zvinoreva tsumo

Vadzidzi ngavadudzire tsumo dziri pabhambiri. Mumapoka avo vadzidzi ngavataure tsumo vagadzidzira. Mumwe nemumwe ngavadudzire tsumo dziri mubhuku revadzidzi.

Dudziro yetsumo dziri mubhuku revadzidzi

- 1 Ukashingirira kuita chimwe chinhu unobudirira.
- 2 Zvinhu zvose zvinoshanduka.
- 3 Tobvuma kana zvichinge zvaitika.
- 4 Hapana chakavanzika chisingabudi pachena.
- 5 Kana uine chinhu chaunodisira chero chiri kure unotoshingirira kukuenda.
- 6 Ukaita basa uri wega haubudiriri asi makawanda munobudirira.
- 7 Munhu asingateereri anowanzopinda mumatambudziko.
- 8 Munhu ane tsika yaajaira kuita anoramba achiita tsika iyoyo.
- 9 Mukufamba tinoona nekudzidza zvakanwanda.
- 10 Hapana munhu anoziva zvinofunga munhu kunze kwokuti azvitaure.

D. Kushandisa 'hameno', 'kana', 'nyangwe'

Vadzidzi ngavataure panoshanda mazwi aya. Ngavazadzise zvirevo zviri pabhambiri nemazwi aya. Mumapoka avo, vadzidzi ngavaumbe zvirevo nemazwi aya. Mumwe nemumwe ngaanyore basa riri mubhuku revadzidzi.

Mhinduro dzebasa riri mubhuku revadzidzi ndeizi:

- | | |
|-----------|-----------|
| 1 nyangwe | 6 nyangwe |
| 2 hameno | 7 kana |
| 3 kana | 8 hameno |
| 4 Kana | 9 nyangwe |
| 5 Hameno | 10 kana |

E. Mazita

Vadzidzi ngavataure mazita avanoziva. Ngavazadzise zvirevo zviri pabhambiri nemazita. Mumapoka avo vadzidzi ngavaumbe zvirevo zvine mazita. Mumwe nemumwe ngaanyore basa riri mubhuku revadzidzi.

Mhinduro dzebasa riri mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- | | | | |
|---|---------|----|----------|
| 1 | ramba | 6 | nhongo |
| 2 | nhunzvi | 7 | tsiru |
| 3 | hodya | 8 | gondohwe |
| 4 | dore | 9 | mhou |
| 5 | sheche | 10 | nzuma |

| 5 | Shoko | 10 | Shumba |

H. Basa rekuita kumba

Vadzidzi ngavanotsvaka nzira dzekuzvidzivirira kumheni vozouya votaurirana zuva rinotevera.

Zvinangwa zvechikamu

Panoperera chikamu chino, vadzidzi vanotarisirwa kunge vokwanisa:

- a** kuteerera nekutaura.
- b** kuverenga ndima yenzwisiso.
- c** kupindura mibvunzo yenzwisiso mukunyora.
- d** kuzadzisa zvirevo nefananidzo.
- e** kunyora zambiringa munyemba.
- f** kuzadzisa zvirevo nemazita.
- g** kunyora rondedzero.
- h** kunyora mhuka nevana vadzo.
- i** kuita basa rekumba.

Zvombo zvichashandiswa

- Mapepa, makanda emichero nemamwe marara.
- Zvitai-tai zvine mazwi.
- Bhambiri rine fananidzo.
- Bhambiri rine zambiringa munyemba.
- Bhambiri rine mazita.
- Bhambiri rine mhuka nevana vadzo.
- Gomba remarara kana mabhini.
- Makadhi ane basa remapoka.

Dura

PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona Bhuku romudzidzi Gwaro ReChina peji 121-127.
Bumbiro retsika nemagariro (Heritage Based Curriculum - HBC) 2024-2030.

A. Hurukuro

Vadzidzi ngavataurirane masvibisirwo anoitwa munharaunda. Ngavataure uipi hwemarara. Mumapoka avo ngavataurirane zvingaitwe kuti nharaunda igare yakachena.

Mazwi nezvaanoreva

Vadzidzi ngavaverenge mazwi ari mubhuku revadzidzi vagotaurirana zvaanoreva mumapoka.

Zvinoreva mazwi ari mubhuku revadzidzi

chinoparadzirwa	– chinotekeshera.
tsaona	– njodzi.
kutsvedza	– kutedzeuka.
zvinonyadzisa	– zvinotsverudza / zvinosvodesa.
uchapa	– utsvina / ufende.
hazvirasirwi	– hazvingotsvetwi pose pose.
akasachenjerwa	– akasangwarirwa.
chakata	– kuzara pose pose.

Kuzadzisa zvirevo nezwi rakakodzera

- | | | | |
|---|---------------|---|----------------|
| 1 | chakata | 5 | kutsvedza |
| 2 | tsaona | 6 | akasachenjerwa |
| 3 | zvinonyadzisa | 7 | chinoparadzira |
| 4 | hazvirasirwi | 8 | uchapa |

B. Nzwisiso

Nhongai marara

Vadzidzi ngavaverenge ndima iyi. Ngavapindure mibvunzo yavachabvunzwa nemudzidzisi wavo. Mumapoka vadzidzi ngavapindure mibvunzo iri pamakadhi. Mumwe nemumwe ngaapindure mibvunzo iri mubhuku revadzidzi.

Mapindurirwo ebasa riri mubhuku revadzidzi

- | | | | |
|---|---|----|---|
| 1 | B | 6 | B |
| 2 | C | 7 | C |
| 3 | D | 8 | B |
| 4 | B | 9 | D |
| 5 | C | 10 | A |

C. Fananidzo

Vadzidzi ngavataure zvirevo zvine fananidzo. Ngavazadzise zvirevo zviri pabhambiri nefananidzo. Mumapoka avo ngavanyore zvirevo zviviri zvine fananidzo vozoverengera vamwe. Mumwe nemumwe ngaazadzise zvirevo zviri mubhuku nefananidzo.

Mazadzisirwo ezvirevo zviri mubhuku revadzidzi ndeaya:

- | | | | |
|---|----------|----|---------|
| 1 | chidembo | 6 | tsvubvu |
| 2 | gwai | 7 | gakanje |
| 3 | uchi | 8 | gunguwo |
| 4 | ngirozi | 9 | dahwa |
| 5 | gurwe | 10 | zizi |

D. Zambiringa munyemba

Vadzidzi ngavataure zambiringa munyemba riri pamazwi ari pabhambiri vachipa zvikonzero. Mumapoka avo vadzidzi ngavape zambiringa munyemba pamazwi avachapiwa nemudzidzisi. Ngavape zvikonzero. Mumwe nemumwe ngaanyore zambiringa munyemba riri mubhuku revadzidzi achipa chikonzero.

Mhinduro dzebasa riri mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- | | | |
|----|-----------|---------------------------|
| 1 | ndege | – haifambi mumugwagwa. |
| 2 | hove | – haisi muchero. |
| 3 | poto | – haisi hari. |
| 4 | dohwe | – harisi chirimwa. |
| 5 | tsuro | – haisi shiri. |
| 6 | dhongi | – harisi mhuka yemusango. |
| 7 | hurekure | – haigari pamusha. |
| 8 | bako | – harisi pamusha. |
| 9 | mhiripiri | – hausi murivo. |
| 10 | imbwa | – haidyiwi. |

E. Mazita

Vadzidzi ngavataure mazita. Ngavazadzise zvirevo zviri pabhambiri nemazita akakodzera. Mumapoka avo ngavashandise mazita muzvirevo.

Mazadzisirwo ezvirevo zviri mubhuku revadzidzi

- | | | | |
|---|----------|----|-----------|
| 1 | mutyairi | 6 | mabharani |
| 2 | nyanduri | 7 | muuto |
| 3 | mufudzi | 8 | sabhuku |
| 4 | makanka | 9 | sapurazi |
| 5 | mapurisa | 10 | chiremba |

F. Rondedzero yetsananguro

Basa randinoda kuzoita kana ndakura

Vadzidzi ngavataurirane manyorerwo erondedzero. Ngavakurukure mavambo etsamba iyi. Mumapoka avo ngavanyore rondedzero iyi vagoverengerana. Mumwe nemumwe ngaanyore rondedzero iri mubhuku revadzidzi.

G. Enzaniso

- | | | | |
|---|-----------|---|-----------|
| 1 | kumhanya | 5 | chinonaka |
| 2 | ichapa | 6 | anogona |
| 3 | anoshanda | 7 | rakapinza |
| 4 | anokara | 8 | akanaka |

H. Mhuka nevana vadzo

Vadzidzi ngavataure mhuka nevana vadzo. Ngavataure mhuka nevana zviri pabhambiri. Mumapoka avo vadzidzi ngavadome mhuka nevana vadzo. Ngavanyore basa riri mubhuku revadzidzi.

Mhinduro dzebasa riri mubhuku revadzidzi

- | | | | |
|---|-----------|----|-----------|
| 1 | hwayana | 6 | tsvana |
| 2 | nhowa | 7 | korori |
| 3 | nyana | 8 | zana |
| 4 | dhongwana | 9 | mhuru |
| 5 | mbwanana | 10 | nzvezvana |

I. Basa rekuita kumba

Vana vanotaurirana zvinosvibisa nyika uye zvingaitwe kuti icheneswe.

J. Mitambo pasichigare

Vana vanoita tsvakurudzo vopa tsanangudzo.

Bepa rekutanga

Mhinduro dzemibvunzo iri mubhuku revana ndeidzi;

- | | |
|------|------|
| 1 C | 21 B |
| 2 C | 22 D |
| 3 D | 23 C |
| 4 B | 24 B |
| 5 A | 25 B |
| 6 C | 26 A |
| 7 B | 27 B |
| 8 B | 28 D |
| 9 C | 29 B |
| 10 D | 30 C |
| 11 B | 31 D |
| 12 C | 32 B |
| 13 A | 33 D |
| 14 B | 34 B |
| 15 C | 35 B |
| 16 D | 36 D |
| 17 C | 37 A |
| 18 A | 38 B |
| 19 B | 39 C |
| 20 C | 40 A |

Bepa rechipiri

Chikamu chekutanga: Rondedzero (mamakisi 20)

Vadzidzi ngavasarudze musoro mumwe chete werondedzero vagonyora.

- 1 Nyora rondedzero pamusoro penyika yenyu.
- 2 Rondedzera makwikwi awakaona.
- 3 Nyora tsamba kuhama yako uchiiudza nezverufu rwakaitika mumhuri menyu.
- 4 Tsanangura kukosha kwevhu.
- 5 Nyora rondedzero ine musoro unoiti, “Ndambakuudzwa akaonekwa nembonje pahuma”.

Chikamu chechipiri

Nzwisiso (mamakisi 5)

- 1 Vabereki
- 2 kutuka nekurova
- 3 mamvemve
- 4 mari yechikoro, nhumbi, zvekudya, dzidzo
- 5 jambwa/unotanda botso
- 6 Vadzidzi ngavanyore pfupiso vachitsanangura mabasa evabereki. Pfungwa dzepfupiso iyi ndeidzi:
 - Kuva panyika kuda kwavo vabereki.
 - Tsika nemagariro.
 - Kutipa zvekudya nedzidzo.
 - Kupiwa nhumbi nemari yechikoro.

Zvinangwa zvechikamu

Panoperera chikamu chino, vadzidzi vanotarisirwa kunge vokwanisa:

- a** kuteerera nekutaura.
- b** kuverenga ndima yenzwisiso.
- c** kupindura mibvunzo yenzwisiso mukunyora.
- d** kunyora pfupiso.
- e** kuzadzisa zvirevo nezwi rakakodzera.
- f** kuisa mazwi muushoma.
- g** kunyora rondedzero.

Zvombo zvichashandiswa

- Zvitai-tai zvine mazwi.
- Bhambiri rine nyaudzosingwi.
- Bhambiri rine mazwi muushoma.
- Mvura.
- Makadhi ane basa remapoka.
- Mufananidzo wevanhu nemvura.

Dura

PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona Bhuku romudzidzi Gwaro ReChina peji 135-139.

Bumbiro retsika nemagariro (Heritage Based Curriculum - HBC) 2024-2030.

A. Hurukuro

Vadzidzi ngavataurirane kuti mvura inosvibiswa nei. Ngavaite chimutambo chekusvibiswa kwemvura nekudzivirira kusvibiswa kwemvura mumapoka avo.

Mazwi nezvaanoreva

Vadzidzi ngavaverenge mazwi ari mubhuku revadzidzi vagotaura zvaanoreva mumapoka.

Zvinoreva mazwi ari mubhuku revadzidzi

Musimboti	– chinhu chakakosha.
Utachiona	– zvipuka zvinokonzera zvirwere.
Asaita mbereko	– asaita vana.
Inonokanganisa	– inonoresva.
Tsvina	– marara.
Kufashaidza	– kuvidza.
Mapiritsi	– anomwiwa kurapa zvirwere nekudzivirira zvirwere.
Ikasarapwa	– ikasamwirwa mushonga kana mapiritsi.

Kuzadzisa zvirevo nezwi rakakodzera

- | | |
|------------------|------------------|
| 1 musimboti | 5 ikasarapwa |
| 2 utachiona | 6 tsvina |
| 3 asaita mbereko | 7 inonokanganisa |
| 4 kufashaidza | 8 mapiritsi |

B. Nzwisiso

Musasvibisa mvura

Vadzidzi ngavaverenge nzwisiso iyi. Ngavapindure mibvunzo yavachabvunzwa nemi mudzidzisi. Mumapoka avo vadzidzi ngavapindure mibvunzo iri pamakadhi. Mumwe nemumwe ngaanyore basa riri mubhuku revadzidzi.

Mhinduro dzemibvunzo iri mubhuku revadzidzi

- | | |
|--|--------------------------|
| 1 mvura | 6 bharaziya |
| 2 utachiona | 7 ndewako |
| 3 dzinoitira tsvina kana ndove mumvura | 8 kufashaidza mvura |
| 4 korera | 9 kuisa mapiritsi emvura |
| 5 kusaita mwana kana kusazvara | 10 ngwena |

C. Pfupiso

Vadzidzi ngavayeuchidzane manyorerwo epfupiso. Ngavataurirane pfungwa dzepfupiso iyi. Mumapoka avo vadzidzi ngavanyore pfupiso iyi. Ngavanyore pfupiso iyi mumabhuku avo.

Pfungwa dzepfupiso iyi ndeidzi;

- Kurasira tsvina mumvura.
- Mhuka dzinoitira ndove mumvura.
- Tsvina inokonzera zvirwere.
- Vanhu ngavasamwa mvura iri munzvimbo dzakashama.
- Kufashaidza mvura.
- Kuisa mvura mapiritsi emvura.

D. Nyaudzosingwi

Vadzidzi ngavataure nyaudzosingwi dzavanoziva. Ngavashandise nyaudzosingwi idzi muzvirevo. Mumapoka avo vadzidzi ngavazadzise zvirevo zviri pamakadhi.

Mhinduro dzebasa riri mubhuku revana

- | | |
|------------|------------|
| 1 kusimuka | 6 kurumwa |
| 2 kutiza | 7 kuzara |
| 3 kuramba | 8 kucheuka |
| 4 kubaka | 9 kurumwa |
| 5 kuneta | 10 kuseka |

E. Kuisa mazwi muushoma

Vadzidzi ngavaise mazwi muushoma. Mumapoka vadzidzi ngavaise mazwi ari pamakadhi muushoma. Vadzidzi ngavanyore basa riri mubhuku revadzidzi.

Mhinduro dzebasa riri mubhuku revadzidzi

- 1 mushuku
- 2 mutsvene
- 3 hama
- 4 mudondo
- 5 mubvunzo
- 6 jira
- 7 chikei
- 8 vanga
- 9 ngoma
- 10 mupfumi

F. Rondedzero yetsananguro

Kukosha kwemvura

Vadzidzi ngavataurirane manyorerwo erondedzero iyi. Ngavataure pfungwa dzerondedzero iyi. Mumapoka avo vadzidzi ngavanyore rondedzero iyi. Mumwe nemumwe ngaanyore rondedzero iyi mubhuku rake.

Zvinangwa zvechikamu

Panoperera chikamu chino, vadzidzi vanotarisirwa kunge vokwanisa:

- a** kuteerera nekutaura.
- b** kuverenga ndima yenzwisiso.
- c** kupindura mibvunzo yenzwisiso mukunyora.
- d** kududzira madimikira.
- e** kuzadzisa zvirevo nezvivakanzwi zvakakodzera.
- f** kushandisa nyora muzvirevo.
- g** kunyora tsamba kuhama.

Zvombo zvichashandisa

- Mazwi pazvitai-tai.
- Bhambiri rine madimikira.
- Bhambiri rine zvivakanzwi.
- Bhambiri rine zvirevo zvinoiswa nyora.
- Bhambiri rine tsamba.
- Makadhi ane basa remapoka.

Dura

PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona Bhuku romudzidzi Gwaro ReChina peji 140-144.

Bumbiro retsika nemagariro (Heritage Based Curriculum - HBC) 2024-2030.

A. Hurukuro

Vadzidzi ngavataurirane zvinosvibisa mhepo uye zvinokonzera ruzha. Mumapoka avo ngavataurirane zvavangaite kudzivirira kusviba kwemhepo uye ruzha.

Mazwi nezvaanoreva

Vadzidzi ngavaverenge mazwi ari mubhuku revadzidzi. Ngavataurirane zvinoreva mazwi aya mumapoka avo.

Zvinoreva mazwi ari mubhuku revadzidzi

Uchibvira	– uchipfuta.
Bundo	– sora.
Chinosvibisa	– chinoisa tsvina.
Rurindi	– chirwere chinoita kuti vanhu vakosore zvakadzama.
Vokachidzwa	– kutadza kumedza.
Achidaidzira	– achisheedzera.
Matsi	– munhu asinganzwi.
Zhowezha	– ruzha kana mheremhere.

Zadzisa zvirevo nezwi rakakodzera

- | | | | |
|---|-------------|---|--------------|
| 1 | zhowezha | 5 | bundo |
| 2 | matsi | 6 | achidaidzira |
| 3 | rurindi | 7 | chinosvibisa |
| 4 | vokachidzwa | 8 | uchibvira |

B. Nzwisiso

Chiutsi neruzha

Vadzidzi ngavaverenge ndima iyi vagopindura mibvunzo yavachabvunzwa nemudzidzisi. Mumapoka avo vadzidzi ngavapindure mibvunzo iri pamakadhi. Mumwe nemumwe ngaapindure basa riri mubhuku revadzidzi.

Mhinduro dzebasa riri mubhuku revadzidzi

- | | | | |
|---|-------------------------------|----|------------------------|
| 1 | kuvhundutsira mhuka | 6 | matsi |
| 2 | chiutsi chinosvibisa mhopo | 7 | ruzha |
| 3 | chikosoro nerurindi | 8 | zhowezha |
| 4 | maindasitiri | 9 | ruzha |
| 5 | vanokonzera ruzha munharaunda | 10 | zvinosvibisa nharaunda |

C. Madimikira

Vadzidzi ngavadudzire madimikira ari mubhambiri. Mumapoka avo vadzidzi ngavanyore dimikira vataura zvarinoreva. Ngavanyore basa riri mubhuku revadzidzi vachidudzira madimikira.

Mhinduro dzemadimikira ari mubhuku revadzidzi

- | | |
|---------------------|---------------------------|
| 1 kutambura chaizvo | 6 kutaure zvinhu nemazvo |
| 2 kunonoka kudzoka | 7 kumhanya zvikuru |
| 3 kufarisa | 8 kutaure nyaya uchivanza |
| 4 kuzorora | 9 kugarika |
| 5 kuyaruka | 10 kupopota zvikuru |

D. Kuzadzisa zvirevo nezvivakazwi zvakakodzera

- | | |
|-----|------|
| 1 B | 6 B |
| 2 B | 7 B |
| 3 C | 8 A |
| 4 B | 9 B |
| 5 D | 10 D |

E. Kushandisa nyora (“ ”)

Vadzidzi ngavataure panoshanda nyora. Ngavaise nyora pazvirevo zviri pabhambiri. Mumapoka avo vadzidzi ngavanyore zvirevo zvitatu zvine nyora. Mumwe nemumwe ngaaise nyora pazvirevo zviri mubhuku revadzidzi.

Mhinduro dzebasa riri mubhuku revadzidzi

- 1 VaMoyo vakati, “Unogara nani?”
- 2 “Uuye nedemo tigotema muti,” vakadaro VaMoga.
- 3 Chiedza akati, “Ndiani wapisa sango?”
- 4 “Muuye nemupfudze mangwana,” vakadaro mudzidzisi.
- 5 Sekuru vakati, “Garai pasi ndikuitirei ngano.”
- 6 “Tinoda vana vane unhu,” vakadaro mbuya.
- 7 Panashe akati, “Sango rinopa aneta.”
- 8 “Ngatifarire kuverenga mabhuku,” vakadaro mukuru wechikoro.
- 9 VaTigere vakadaidzira, “Hokoyo nenyuchi!”
- 10 Moses akati, “Yambukai mose pagungwa dzvuku.”

F. Rondedzero yetsamba kuhama

Vadzidzi ngavataurirane manyorerwo etsamba kuhama. Ngavataure pfungwa dzetsamba iyi. Mumapoka vadzidzi ngavanyore tsamba kuhama. Ngavaverengerane tsamba iyi. Mumwe nemumwe ngaanyore tsamba achishandisa pfungwa dziri mubhuku revadzidzi.

Zvinangwa zvechikamu

Panoperera chikamu chino, vadzidzi vanotarisirwa kunge vokwanisa:

- a** kuteerera nekutaura.
- b** kuverenga ndima yenzwisiso.
- c** kupindura mibvunzo yenzwisiso mukunyora.
- d** kunyora pfupiso.
- e** kupa dimikira rinoenderana nedudziro yakapiwa.
- f** kuzadzisa zvirevo nezvipauro.
- g** kunyora tsamba kushamwari.
- h** kupindura mibvunzo yemwedzi yegore.
- i** kuita basa rekumba.

Zvombo zvichashandiswa

- Mufananidzo webundo riri kutsva.
- Zvitai-tai zvine mazwi.
- Bhambiri rine madimikira.
- Bhambiri rine zvipauro.
- Bhambiri rine tsamba kushamwari.
- Bhambiri rine mwedzi yegore.
- Makadhi ane basa remapoka.

Dura

PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona Bhuku romudzidzi Gwaro ReChina peji 145-151.

Bumbiro retsika nemagariro (Heritage Based Curriculum - HBC) 2024-2030.

A. Hurukuro

Vadzidzi ngavataurirane matambudziko anowanikwa kana vanhu vachinge vapisa bundo. Mumapoka avo ngavaite hurukuro yemunhu apisa bundo nasabhuku weraini iroro. Vadzidzi vanenge vaita zvine unyanzvi ndivo vanenge vatora mukombe pahurukuro iyi.

Mazwi nezvaanoreva

Vadzidzi ngavaverenge mazwi ari mubhuku revadzidzi. Mumapoka avo vadzidzi ngavataurirane zvinoreva mazwi aya.

Zvinoreva mazwi ari mubhuku revadzidzi

vanokoshiwa	– vanokanganwa.
chigusvani	– mudzanga wefodya wasvutwa ukasara uri mudiki.
zvinozofuridzwa	– zvinozobakidzwa.
dzapunyuka	– dzanzvenga / dzararama.
pamhene	– pachena.
nhundu	– imba yemago.
chiutsi	– zvinobuda panenge paveswa moto zvichienda mudenga.
ngatichengetedzei	– ngatibatisisei.

Kuzadzisa zvirevo nezwi rakakodzera

- | | |
|---------------------|---------------------|
| 1 chigusvani | 5 pamhene |
| 2 nhundu | 6 chiutsi |
| 3 zvinozofuridzirwa | 7 vanokoshiwa |
| 4 dzapunyuka | 8 ngatichengetedzei |

B. Nzwisiso

Regai kupisa bundo

Vadzidzi ngavaverenge ndima yenzwisiso. Ngavapindure mibvunzo yavachabvunzwa nemudzidzisi. Mumapoka avo ngavapindure mibvunzo iri pamakadhi. Mumwe nemumwe ngaanyore basa riri mubhuku revadzidzi.

Mhinduro dzebasa riri mubhuku revadzidzi

- | | |
|-----|------|
| 1 B | 6 C |
| 2 D | 7 B |
| 3 B | 8 D |
| 4 D | 9 A |
| 5 B | 10 A |

C. Pfupiso

Vadzidzi ngavayeuchidzane manyorerwo epfupiso. Ngavataurirane pfungwa dzepfupiso iyi. Mumapoka avo vadzidzi ngavanyore pfupiso iyi. Mumwe nemumwe ngaanyore pfupiso mubhuku rake.

D. Madimikira anoenderana nedudziro

Vadzidzi ngavataure madimikira avanoziva. Ngavataure zvinoreva madimikira aya. Mumapoka avo vadzidzi ngavanyore madimikira matatu nedudziro yawo. Mumwe nemumwe ngaape dimikira rinoenderana nedudziro yakapiwa mubhuku revadzidzi.

Mhinduro dzebasa riri mubhuku revadzidzi ndeidzi;

- | | |
|--|---------------------------|
| 1 Kutsenga mvura ichibuda masese. | 6 Kupura nyemba nemusana. |
| 2 Kuva bhande nebhurugwa. | 7 Kuridza ngoma nedemo. |
| 3 Ane pamuromo pasingamharwi nenhunzi. | 8 Kubuda mugota. |
| 4 Kusona muromo. | 9 Kutuma bete kumukaka. |
| 5 Kufuga rako wega. | 10 Kurara nezamu mukanwa. |

E. Zvipauro

Vadzidzi ngavadome zvipauro zvavanoziva. Ngavazadzise zvirevo zviri pabhambiri nezvipauro. Mumapoka avo ngavaumbe zvirevo zvine zvipauro. Mumwe nemumwe ngaanyore basa riri mubhuku revadzidzi.

Mhinduro dzebasa riri mubhuku revadzidzi

- | | |
|-----------------|--------------|
| 1 vaviri | 6 muchena |
| 2 vazhinji | 7 hunotapira |
| 3 mutema | 8 murefu |
| 4 rurefu | 9 pfumbu |
| 5 hwakamhazhika | 10 mana |

F. Rondedzero yetsamba kushamwari

Nyora tsamba kushamwari yako uchiiudza nezvekutsva kwakaita sango riri pedyo nekumba kwenyu.

Vadzidzi ngavataurirane manyorerwo etsamba kushamwari. Mumapoka avo ngavanyore tsamba iyi. Ngavaverengerane tsamba iyi. Mumwe nemumwe ngaanyore tsamba iyi achishandisa pfungwa dziri mubhuku revadzidzi.

G. Mwedzi yegore

Vadzidzi ngavadome mwedzi yegore. Ngavataure zvinoitwa mumwedzi iyi mumapoka. Vadzidzi ngavanyore basa riri mubhuku revadzidzi.

Mhinduro dzebasa riri mubhuku revadzidzi

- | | | | |
|---|----------------------|----|----------------|
| 1 | gumi nemiviri | 6 | Gumiguru |
| 2 | wekutanga | 7 | Chikumi |
| 3 | Bandwe kana Chivabvu | 8 | wegumi nemumwe |
| 4 | Zvita | 9 | Chikumi |
| 5 | wechitatu | 10 | wechinomwe |

H. Basa rekuita kumba

Vadzidzi ngavanyore mwedzi yegore seizvi:

- 1 Ndira
- 2 Kukadzi
- 3 Kurume
- 4 Kubvumbi
- 5 Bandwe / Chivabvu
- 6 Chikumi
- 7 Chikunguru
- 8 Nyamavhuvhu
- 9 Gunyana
- 10 Gumiguru
- 11 Mbudzi
- 12 Zvita

Zvinangwa zvechikamu

Panoperera chikamu chino, vadzidzi vanotarisirwa kunge vokwanisa:

- a** kuteerera nekutaura.
- b** kuverenga ndima yenzwisiso.
- c** kupindura mibvunzo yenzwisiso mukunyora.
- d** kuumba zvirevo nenyaudzosingwi.
- e** kuumba mazwi nemavara akapiwa.
- f** kushandisa zvimiso muzvirevo.
- g** kunyora rondedzero.
- h** kuzadzisa zvirevo nemazita ehama.
- i** kuita basa rekumba.

Zvombo zvichashandiswa

- Bhambiri rine nyaudzosingwi.
- Zvitai-tai zvine mazwi.
- Mavara pabhambiri.
- Bhambiri rine zvimiso.
- Bhambiri rine mazita ehama.
- Makadhi ane basa remapoka.

Dura

PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona Bhuku romudzidzi Gwaro ReChina peji 152-157.

Bumbiro retsika nemagariro (Heritage Based Curriculum - HBC) 2024-2030.

A. Hurukuro

Vadzidzi ngavataurirane matambudziko anosanganikwa nawo nevana vasingateereri. Mumapoka avo vadzidzi ngavaite chimutambo chemwana asingateereri. Boka rinenge ragona kuita chimutambo ichi zvinonakidza ndiro rinenge ratora nyembe.

Mazwi nezvaanoreva

Mhinduro dzemazwi ari mubhuku revadzidzi

mwanasikana	– mwana musikana.
bepanhau	– bepa rine nhau.
kukoshesa	– kupa rukudzo.
kumbozorodza	– kumborega kushanda.
chivhitivhiti	– terevhizheni.
nharembozha	– nhare yekufamba nayo.
asingachaverengi	– asingaravi.
dzidziso	– rairo / yambiro.

Kuzadzisa zvirevo nezwi rakakodzera

- | | |
|-----------------|-----------------|
| 1 mwanasikana | 5 bepanhau |
| 2 kukoshesa | 6 dzidziso |
| 3 nharembozha | 7 chivhitivhiti |
| 4 ndimbozorodza | 8 asingaverengi |

B. Nzwisiso

Rerekera nzeve dzako kuno

Vadzidzi ngavaverenge ndima iyi. Ngavapindure mibvunzo yavachabvunzwa nemudzidzisi. Mumapoka avo vadzidzi ngavapindure mibvunzo iri pamakadhi. Mumwe nemumwe ngaanyore basa riri mubhuku revadzidzi.

Mhinduro dzemibvunzo yenzwisiso

- | | |
|-------------------------|----------------------------------|
| 1 VaTogara | 6 kuraira kana kuyambira |
| 2 kuHarare kuZimre Park | 7 aiswera achifona nenharembozha |
| 3 ndiNdangariro | 8 chivhitivhiti |
| 4 wekwaVhondo | 9 anoita basa raapiwa kuchikoro |
| 5 teerera zvandinotaura | 10 mumba mavo mavanorara |

C. Kuumba zvirevo nenyaudzosingwi

Vadzidzi ngavadome nyaudzosingwi dzavanoziva. Ngavashandise nyaudzosingwi dziri pabhambiri muzvirevo. Mumapoka avo vadzidzi ngavashandise nyaudzosingwi muzvirevo. Mumwe nemumwe ngaanyore basa riri mubhuku revadzidzi.

Mhinduro dzebasa riri mubhuku revadzidzi ndeidzi;

- 1 Akaiti turi mhere.
- 2 Makaita akati tana kuramba nyaya iyi.
- 3 Zuva rakati vhu-u kubuda.
- 4 Ndangariro akaramba akati dzvutu kumutarisa.
- 5 Tsime rakati gwa-a kuoma.
- 6 Akati svetu kusvetuka gwenzi.
- 7 Akamuti wa-a nembama akaona rima.
- 8 Zvirimwa zvainge zvakati zvi-i kusvibira mumunda.
- 9 Huruva yakati tsvete munharaunda yose.
- 10 Misodzi yake yakati mokoto pamatama.

E. Zviperego

Vadzidzi ngavaumbe mazwi nemavara akapiwa pabhambiri. Mumapoka avo vadzidzi ngavanyore mazwi vachishandisa mavara akapiwa. Boka rinenge raumba mazwi akawanda kudarika mamwe mapoka ndiro rinenge rabudirira. Vadzidzi ngavaumbe mazwi gumi vachishandisa mavara ari mubhuku revadzidzi.

F. Zvimiso (. , ? !)

Vadzidzi ngavadome zvimiso zviri pabhambiri. Ngavatsanangure panoshanda zvimiso izvi. Mumapoka avo vadzidzi ngavaise zvimiso pazvirevo zviri pamakadhi. Ngavaverengerane, mumwe nemumwe anyore basa riri mubhuku revadzidzi.

Mhinduro dzebasa riri mubhuku revadzidzi

- 1 Mai vafamba rwendo.
- 2 Vakarima manhanga, mapudzi, ipwa nemavisi.
- 3 Uchauya kwedu rini?
- 4 Hokoyo neshumba!
- 5 Ndiwe wamurova kani?
- 6 Wamutukirei nhai iwe?
- 7 Chamunorwa anofarira marimba.
- 8 Mumba mavo mune masofa, tafura, zvigaro nemubhedha.
- 9 Zimbabwe, Zambia, Mozambique, Botswana neTanzania inyika dzemuAfrica.
- 10 Uyai kumusangano pamutamba!

F. Rondedzero yetsananguro

Mai vangu

Vadzidzi ngavataurirane manyorerwo erondedzero. Ngavataurirane mavambo erondedzero iyi akasiyana-siyana. Ngavataurirane pfungwa dzerondedzero iyi mumapoka avo. Mumwe nemumwe ngaanyore rondedzero iyi mubhuku rake achishandisa pfungwa dziri mubhuku revadzidzi.

G. Mazita ehama

Vadzidzi ngavataure mazita ehama. Ngavazadzise zvirevo zviri pabhambiri nemazita ehama. Mumapoka avo vadzidzi ngavaumbe zvirevo zvine mazita ehama. Mumwe nemumwe ngaazadzise zvirevo zviri mubhuku revadzidzi nemazita ehama.

Mhinduro dzebasa riri mubhuku revadzidzi:

- | | |
|--------------|-------------|
| 1 sekuru | 6 maiguru |
| 2 babamukuru | 7 sekuru |
| 3 babamunini | 8 vatete |
| 4 mukuwasha | 9 tsano |
| 5 muroora | 10 muzukuru |

H. Basa rekuita kumba

- 1 Hanzvadzi yababa vako.
- 2 Mwanakomana wemumhuri menyu kana mwanasikana wemumhuri menyu.
- 3 Munin'ina wemudzimai kana mwana wehanzvadzi yemudzimai.
- 4 Mukadzi wemwana / wehanzvadzi.
- 5 Mukoma wababa vako.
- 6 Hanzvadzi yemudzimai wako.
- 7 Mwana wavatete kana mwana wehanzvadzi yako.
- 8 Mwana anenge ari mudiki kwauri mumhuri menyu.
- 9 Mwana mukuru kwauri mumhuri menyu.
- 10 Murume wehanzvadzi yako, murume wemwana kana wavatete vako.

Zvinangwa zvechikamu

Panoperera chikamu chino, vadzidzi vanotarisirwa kunge vokwanisa:

- a** kuteerera nekutaura.
- b** kuverenga ndima yenzwisiso.
- c** kupindura mibvunzo yenzwisiso mukunyora.
- d** kunyora tsumo dzinoenderana netunyaya.
- e** kuzadzisa zvirevo nenguva dzezviito.
- f** kutaura basa rinoitwa nemunhu ataurwa.
- g** kunyora rondedzero.
- h** kuzadzisa zvirevo nezviera.
- i** kuita basa rekumba.

Zvombo zvichashandiswa

- Mufananidzo wemwana wechikoro.
- Zvitai-tai zvine mazwi.
- Bhambiri rine tsumo.
- Bhambiri rine nguva dzezviito.
- Bhambiri rine mabasa.
- Bhambiri rine zvieraera.
- Makadhi ane basa remapoka.
- Bhambiri rine zvimiso.

Dura

PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona Bhuku romudzidzi Gwaro ReChina peji 158-164.
Bumbiro retsika nemagariro (Heritage Based Curriculum - HBC) 2024-2030.

A. Hurukuro

Vadzidzi ngavataurirane zvinofanira kuitwa nemudzidzi kuchikoro. Mumapoka avo vadzidzi ngavaite chimutambo chemwana ari kuchikoro. Boka rinenge rabudisa musoro raita zvinonakidza ndiro rinenge ratora mukombe.

Mazwi nezvaanoreva

Vadzidzi ngavaverenge mazwi ari pazvitai-tai. Ngavataure zvinoreva mazwi aya.

Zvinoreva mazwi ari mubhuku revadzidzi

kuzonodzidza	– kuzonofunda.
itsva	– isina kusakara.
dzinonyengera	– dzinofurira.
gutsikana	– iva nechivimbo / usachiva.
chinangwa	– donzvo.
unyope	– usimbe.
shamwari	– sahwira.

Kuzadzisa zvirevo nezwi rakakodzera

- | | |
|-------------|-----------------|
| 1 shamwari | 5 itsva |
| 2 unyope | 6 chinangwa |
| 3 gutsikana | 7 kuzonodzidza |
| 4 urovhe | 8 dzinonyengera |

B. Nzwisiso

Muzukuru zvawava kuenda kuchikoro

Vadzidzi ngavaverenge ndima vachitevedza zvimiso. Mumapoka avo ngavasarudze shasha yekuverenga iyo ichakwikwidzana nedzimwe shasha dzemapoka pobuda nyanzvi yevhiki iyoyo.

Ngavapindure mibvunzo yenzwisiso yavachabvunzwa nemudzidzisi. Mumapoka avo vadzidzi ngavapindure mibvunzo iri pamakadhi. Mumwe nemumwe ngaanyore basa riri mubhuku revadzidzi.

Mhinduro dzebasa riri mubhuku revadzidzi

- | | |
|---|---------------|
| 1 Ambuya | 7 kudzidza |
| 2 Vingirai | 8 varairidzi |
| 3 NdiVaMarujata | 9 unyope |
| 4 Kwekwe | 10 VaMarujata |
| 5 rwechina | |
| 6 kunoita kuti munhu adarikirwe nezvidzidzo azokonewa | |

C. Tsumo dzinoenderana netunyaya

Vadzidzi ngavataure tsumo dzavanoziva. Ngavape tunyaya patsumo idzi. Ngavape tsumo ine tunyaya turi pabhambiri. Mumapoka avo vadzidzi ngavaite basa remapoka riri pamakadhi. Mumwe nemumwe ngaanyore basa riri mubhuku revadzidzi.

Mhinduro dzebasa riri mubhuku revadzidzi

- | | |
|-----|------|
| 1 D | 6 D |
| 2 C | 7 C |
| 3 B | 8 B |
| 4 D | 9 C |
| 5 D | 10 B |

D. Zvakaitika, zviri kuitika nezvichaitika

Vadzidzi ngavazadzise zvirevo zviri pabhambiri nenguva dzezviito. Mumapoka avo vadzidzi ngavaumbe zvirevo nenguva dzezviito. Mumwe nemumwe ngaanyore basa riri mubhuku revadzidzi.

Mhinduro dzebasa riri mubhuku revadzidzi

- | | |
|-------------------|-------------------|
| 1 ndiri kunyora | 6 ndichagerwa |
| 2 ndichatamba | 7 takabirwa |
| 3 ndakarumwa | 8 ndichashanyira |
| 4 ndiri kutsvaira | 9 ndadya |
| 5 ndabika | 10 yakadengenyeka |

E. Mabasa emazita

Vadzidzi ngavataure mazita. Ngavataure mabasa awo. Vana ngavaite basa remapoka riri pamakadhi. Ngavaverengerane mhinduro dzavawana.

Mhinduro dzebasa riri mubhuku revadzidzi

- | | |
|---|---------------------------|
| 1 kudzidzisa vana | 6 kurapa varwere nemidzi |
| 2 kugashira madzimai pakusununguka vana | 7 kurima |
| 3 kurapa varwere | 8 kuparidza shoko raMwari |
| 4 kuvhima | 9 mukuru wedunhu |
| 5 kuumba hari | 10 mubati wemari |

F. Rondedzero yetsananguro

Kukosha kwedzidzo

Vadzidzi ngavayeuchidzane manyorerwo erondedzero. Ngavape mavambo akasiyana–siyana erondedzero iyi. Mumapoka avo vadzidzi ngavanyore rondedzero iyi. Mumwe nemumwe ngaanyore rondedzero iyi mubhuku rake.

G. Zvieraera

Vadzidzi ngavataure zviera zvavanoziva nezvinozoitika. Mumapoka avo vadzidzi ngavazadzise zviera zviri pabhambiri. Mumwe nemumwe ngaanyore basa riri mubhuku revadzidzi.

Mhinduro dzebasa riri mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- | | | | |
|---|------------------------------|----|------------------------|
| 1 | unoita mamota | 6 | usafamba nenhendeshure |
| 2 | usadarika moto | 7 | rinozowanda |
| 3 | anozoita ngomwa | 8 | usatuka vabereki |
| 4 | musagashidzana munyu mumaoko | 9 | munozvara zvirema |
| 5 | unoita makuvhu maviri | 10 | unoshura rufu |

H. Basa rekuita kumba

Vadzidzi ngavanobvunza vabereki vavo zvieraera zvavanoziva vozouya vokurukurirana zuva rinotevera.

Zvinangwa zvechikamu

Panoperera chikamu chino, vadzidzi vanotarisirwa kunge vokwanisa:

- a** kuteerera nekutaura.
- b** kuverenga ndima yenzwisiso.
- c** kupindura mibvunzo yenzwisiso mukunyora.
- d** kunyora pfupiso.
- e** kududzira madimikira.
- f** kuisa mazwi muushoma kana muuwandu.
- g** kunyora tsamba kushamwari.

Zvombo zvichashandiswa

- Ivhu.
- Zvitai-tai zvine mazwi.
- Bhambiri rine madimikira.
- Bhambiri rine ushoma neuzhinji.
- Bhambiri rine tsamba kushamwari.
- Makadhi ane basa remapoka.
- Bhambiri rine zvimiso.

Dura

PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona Bhuku romudzidzi Gwaro ReChina peji 165-169.
Bumbiro retsika nemagariro (Heritage Based Curriculum - HBC) 2024-2030.

A. Hurukuro

Vadzidzi ngavataurirane kukosha kweivhu. Mumapoka avo ngavanyore pasi zvakakoshera ivhu vagoverengerana.

Mazwi nezvaanoreva

Zvinoreva mazwi ari mubhuku revadzidzi

Kudiridza	– kuisa mvura mubindu kana mumunda.
Mbatatisi	– matapura kana magwiri.
Achitorwa moyo	– achiyeveve.
Vachifafaidza	– vachididzisa nechinhwa chine mapuri.
Kutsemudza	– kubudisa pakatsemuka / kurasa ivhu.
Vachiunganidza	– vachiisa panhu pamwe chete.
Matsotsi	– mbavha.
Vakatovhura chitoro	– vakatotanga chitoro.

Kuzadzisa zvirevo nezwi rakakodzera

- | | |
|--------------|-----------------------|
| 1 kudiridza | 5 kutorwa moyo |
| 2 mbatatisi | 6 vachifafaidza |
| 3 matsotsi | 7 vachiunganidza |
| 4 kutsemudza | 8 vakatovhura chitoro |

B. Nzwisiso

Muvhu mune mari

Vadzidzi ngavadome zvimiso. Ngavataure mabasa azvo. Mumapoka avo ngavaverenge ndima iri mubhuku revadzidzi vachitevedza zvimiso. Ngavaite makundano ekuverenga votsvaka shasha yekuverenga yevhiki iyoyo.

Kupindura mibvunzo yenzwisiso

Vadzidzi ngavaverenge ndima chinyararire. Ngavapindure mibvunzo yavachabvunzwa nemudzidzisi. Mumapoka avo vadzidzi ngavapindure mibvunzo iri pamakadhi. Mumwe nemumwe ngaanyore basa riri mubhuku revadzidzi.

Mhinduro dzemibvunzo iri mubhuku revadzidzi ndeizvi;

- | | |
|---------------------------------|-------------|
| 1 kuMazoe | 6 matapura |
| 2 vanoshanda kana havana usimbe | 7 vaviri |
| 3 mugore ra2014 | 8 mushonga |
| 4 tarakita | 9 nerori |
| 5 murwizi rweMazoe | 10 kubhangi |

C. Pfupiso

Vadzidzi ngavayeuchidzane manyorerwo epfupiso. Ngavataurirane pfungwa dzepfupiso iyi. Mumapoka avo vadzidzi ngavanyore pfupiso iyi. Mumwe nemumwe ngaanyore pfupiso iyi mubhuku rake.

Pfungwa dzepfupiso iyi ndeidzi:

- 1 VaMpofu vakarima chibage.
- 2 Vakatengesa chibage vakawana mari.
- 3 Vakatenga tarakita nemushini wekudiridzira.
- 4 Vakarima mbatatisi vachidiridzira.
- 5 Vakohwa vakatengesa kumusika.
- 6 Vakavhura chitoro.

D. Madimikira

Vadzidzi ngavataure madimikira avanoziva vagomadudzira. Ngavadudzire madimikira ari pabhambiri. Mumapoka avo vadzidzi ngavadome madimikira vomadudzira. Mumwe nemumwe ngaadudzire madimikira ari mubhuku revadzidzi.

Madudzirirwo emadimikira ari mubhuku revadzidzi

- | | |
|-----------------------------|--------------------------------|
| 1 kuzvipinza mumatambudziko | 6 kurara |
| 2 kufarisa | 7 kugarika |
| 3 kunetseka uchifunga | 8 kutambura zvikuru |
| 4 kufa | 9 kumukira mangwanani-ngwanani |
| 5 kuwirirana zvikuru | 10 kukundikana |

E. Ushoma neuzhinji hwemazwi

Vadzidzi ngavaise mazwi muushoma neuzhinji. Ngavanyore basa riri mubhuku revadzidzi.

Mhinduro dzebasa riri mubhuku revadzidzi

- | | |
|-----------|------------|
| 1 zviso | 6 mapoka |
| 2 matondo | 7 rwizi |
| 3 rwaivhi | 8 mhasa |
| 4 gomba | 9 shamwari |
| 5 uswa | 10 denga |

F. Tsika dzechivanhu

Vana vanotaurirana pamusoro petsika dzakatarwa.

G. Basa rekumba

Vana vanoita tsvakurudzo pamusoro pezvirimwa zvinogona kurimwa pachikoro.

Apunyaira haashayi misodzi

Zvinangwa zvechikamu

Panoperera chikamu chino, vadzidzi vanotarisirwa kunge vokwanisa:

- a** kuteerera nekutaura.
- b** kuverenga ndima yenzwisiso.
- c** kupindura mibvunzo yenzwisiso mukunyora.
- d** kunyora pfupiso.
- e** kuzadzisa zvirevo nemazita.
- f** kunyora rondedzero.
- g** kuzadzisa zvirevo nemidziyo yechinyakare.

Zvombo zvichashandiswa

- Zvitai-tai zvine mazwi.
- Bhambiri rine nyaudzosingwi.
- Bhambiri rine mazita.
- Bhambiri rine midziyo yechinyakare.
- Makadhi ane basa remapoka.
- Nharembozha kana chivhitivhiti chine rwiyo rwokushanda nesimba.

Dura

PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona Bhuku romudzidzi Gwaro ReChina peji 170-175.

Bumbiro retsika nemagariro (Heritage Based Curriculum - HBC) 2024-2030.

A. Hurukuro

Vadzidzi ngavataurirane kuti vakashanda nesimba vanobudirira pane zvipi. Mumapoka avo vadzidzi ngavaite mutambo wemunhu akashanda nesimba akabudirira. Ngavaite mutambo uyu vamwe vachiona. Ngavataure boka ratora mukombe.

Mazwi nezvaanoreva

Zvinoreva mazwi ari mubhuku revadzidzi

Ukashingirira	– ukashanda nesimba.
Shirikadzi	– mukadzi akafirwa nemurume.
Vakatsvaka mbatya	– vakatsvaka zvekupfeka kana nhumbi.
Dzemhando yepamusoro	– dzakanaka.
Nyuchi dziri pamaruva	– kuwanda.
Besanwa	– vanhu vanenge vachipesana vakawanda.
Anoyemurika	– anorumbidzika.

Kuzadzisa zvirevo nezwi rakakodzera

- | | |
|-----------------|-------------------------|
| 1 besanwa | 5 mbatya |
| 2 ukashingirira | 6 dzemhando yepamusoro |
| 3 shirikadzi | 7 nyuchi dziri pamaruva |
| 4 vakatsvaka | 8 anoyemurika |

B. Nzwisiso

Apunyaira haashayi misodzi

Vadzidzi ngavaverenge ndima iyi vachiita majana. Mumapoka avo vadzidzi ngavaite makundano ekuverenga. Ngavasarudze shasha yeboka iyo ichakwikwidzana nedzimwe shasha pobuda nyanzvi yekuverenga yevhiki iyoyo.

Kupindura mibvunzo yenzwisiso

Vadzidzi ngavapindure mibvunzo yavachabvunzwa nemudzidzisi. Mumapoka avo vadzidzi ngavapindure mibvunzo iri pamakadhi. Mumwe nemumwe ngaanyore basa riri mubhuku rake.

Mhinduro dzemibvunzo iri mubhuku revadzidzi

- | | |
|-----|------|
| 1 D | 6 B |
| 2 A | 7 A |
| 3 C | 8 B |
| 4 B | 9 D |
| 5 D | 10 B |

C. Pfupiso

Vadzidzi ngavayeuchidzane manyorerwo epfupiso. Ngavataurirane pfungwa dzepfupiso iyi. Mumapoka avo ngavanyore pfupiso iyi. Mumwe nemumwe ngaanyore pfupiso iyi mubhuku rake.

Pfungwa dzinogona kubuda papfupiso iyi ndeidzi:

- 1 Vakarima donje vakatengesa.
- 2 Vakawana mari zhinji.
- 3 Vakanotenga mbatya kuBotswana ndokuuya vodzitengesa muZimbabwe.
- 4 Vakavhura musika wembatya.
- 5 Vakavakisa chitoro.
- 6 Vakawana mari zhinji vakaiisa kubhangi.

D. Nyaudzosingwi

Vadzidzi ngavataure nyaudzosingwi dzavanoziva. Ngavadzishandise muzvirevo. Ngavashandise nyaudzosingwi dziri pabhambiri muzvirevo. Mumapoka avo ngavaite basa riri pamakadhi. Ngavanyore basa riri mubhuku revadzidzi.

Mhinduro dzebasa riri mubhuku revadzidzi ndeidzi:

- | | |
|--------------|--------------|
| 1 svata | 6 pwititi |
| 2 papata | 7 dzvi |
| 3 chechetere | 8 nyevenu |
| 4 dzatu | 9 nyangarara |
| 5 dzvamu | 10 tucha |

E. Mazita

Vadzidzi ngavataure mazita avanoziva. Ngavazadzise zvirevo zviri pabhambiri nemazita akakodzera. Ngavaite basa remapoka riri pamakadhi. Mumwe nemumwe ngaanyore basa riri mubhuku revadzidzi.

Mhinduro dzebasa riri mubhuku revadzidzi

- | | |
|----------|------------|
| 1 nhume | 4 durika |
| 2 divisi | 5 gwenga |
| 3 gambe | 6 shashiko |

- 7 mhapa
- 8 durunhuru

- 9 vahosi
- 10 chiro

F. Rondedzero yetsananguro

Munhu wandinoziva

Vadzidzi ngavakurukurirane manyorerwo erondedzero. Ngavataure pfungwa dzerondedzero iyi. Mumapoka avo vadzidzi ngavanyore rondedzero iyi. Mumwe nemumwe ngaanyore rondedzero iyi mubhuku rake.

G. Midziyo yechinyakare

Vadzidzi ngavataure midziyo yechinyakare nepayaishanda. Ngavazadzise zvirevo zviri pabhambiri mumapoka avo. Ngavanyore basa riri mubhuku revadzidzi.

Mhinduro dzebasa riri mubhuku revadzidzi

- 1 rusero
- 2 mbezo
- 3 gonan'ombe
- 4 gate
- 5 daunha
- 6 bakatwa
- 7 mukombe
- 8 hodzeko
- 9 guchu
- 10 chirongo

Bepa rekutanga

- | | | | |
|----|---|----|---|
| 1 | D | 21 | D |
| 2 | C | 22 | B |
| 3 | B | 23 | A |
| 4 | C | 24 | D |
| 5 | A | 25 | B |
| 6 | D | 26 | D |
| 7 | D | 27 | D |
| 8 | B | 28 | B |
| 9 | A | 29 | D |
| 10 | B | 30 | B |
| 11 | C | 31 | C |
| 12 | D | 32 | D |
| 13 | B | 33 | B |
| 14 | D | 34 | D |
| 15 | B | 35 | A |
| 16 | D | 36 | A |
| 17 | C | 37 | D |
| 18 | B | 38 | B |
| 19 | C | 39 | A |
| 20 | B | 40 | C |

Bepa rechipiri

Chikamu chekutanga: Rondedzero (Mamakisi 20)

Vadzidzi ngavasarudze musoro mumwe chete werondedzero vagonyora nezvawo. Misoro iri mubhuku revadzidzi ndeiyi:

- 1 Rondedzera hope dzinotyisa dzawakamborota.

- 2 Nyora tsamba kushamwari yako uchiikoka kubhavhadhe rako.
- 3 Tsanangura kukosha kwemvura.
- 4 Tsanangura zvinoitika gore renzara.
- 5 Rondedzera mwaka waunofarira.

Chikamu chechipiri: Nzwisiso (Mamakisi 10)

- 1 tsvina
- 2 nhunzi
- 3 manyoka / korera / maziso
- 4 kufa
- 5 inda
- 6 Vadzidzi ngavanyore pfupiso yenyaya yavaverenga nemazwi asingapfuuri makumi matatu nemashanu.